


## ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Æрæдони алфамбулай немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити советон æфсæддонтæй ка фæммард æй, уони аци сахари байвардтонцæ Æнсувæрон цирти – фиццаг си ке байвардтонцæ, етæ адтæнцæ 495 тугъдони, фæстæдæр ма си ке байвардтонцæ, уони хæццæ ба сæ нимæдзæ æдеугурæй иссæй 1497 адæймаги. Ка 'нцæ, е дæр бæрæггонд æрцудæй. Сæ номерæнæн син ниввардтонцæ мемориалон циртдзæвæн.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№25 (806) 2021 анзи 13 июль – сосæни мæйæ

## БÆРÆГБОН



## БИЙНОНТИ ФАРНÆЙ ФИДИБÆСТÆ ДÆР ТУХГИН КÆНУЙ...

**САКЪИТИ Эльбрус**

Номдзуд Расул Гамзатов æ публицистон уацтæй еуеми уотæ финста: «Фидиуæзæг, бийнонтæ – етæ 'нцæ, адæймаги ка 'фсадуй, ка ин байлæгъ кæнуй æ сæри зунд, æ сæрустурдзийнадæ, фæллойнæ кæнунмæ арæхстдзийнадæ, уæхæн уедæгтæ. Бийнонтæ – е æй гъудæг, æгъдæуттæ, еу инней нимайундзийнадæ, кæрæдземæн агъаз кæнуни агъазиаудæр равгæ. Гъулæггаг æй, адæймаг æ бийнонти кадæ ку нæ гъæуай кæна, е фиргъæундзийнадæ 'й…»

Аци гъудитæ, махмæ гæсгæ, зæгъунгъон æй алли адæми минæвар дæр, уомæн æма си алкæмæ дæр бæрзонд æвæрд æнцæ, тæккæ цитгийнагдæр æнцæ бийнонтæ, уони фарнæбæл архайун.

Уомæ гæсгæ ба нæмæ æнæгъæнæ Уæрæсей дæр æцæгæй еугурадæмон иссæй бийнонти, уарзондзийнади æма еузæрдиуондзийнади Бон. Нæ бæсти ци берæ аллихузон бæрæгбонтæ нисангонд æнцæ, уони 'хсæн æ «карæмæ» гæсгæ ма хуæрз æригон æй (куд Еугуруæрæсеуон бæрæгбон, уотæ бæрæггонд цæуй 2008 анзæй фæстæмæ), уæддæр æй, баруагæс уи уæд, сæ тæккæ райдзастдæр æма зæрдтагондæрбæл нимайун æнгъезуй.

6



«Туйгъанти Батæрбег».
ТУЙГЪАНТИ Мухарбеги конд хузæ.

*ТУЙГЪАНТИ Аслæнбеги фурт Батæрбег адтæй, хе хецæндзийнадæй бæлвурд цæмæдессаг ке исфæлдистадæй æй, уæхæн искурдиадæгин прозаик, поэт, драматург æма тæлмацгæнæг. Хъæбæр баргъонæй нæ бон æй уотæ зæгъун, æма ин исфæлдистадон æгъдауæй ци бантæстæй исаразун, уомæй е зингæ-зингæ фæгъгъæздугдæр кодта нæ национ литературæ. Уомæ гæсгæ ба æ рохс ном цитгингонд цæуа фæлтæрæй-фæлтæрмæ, кадæ ин гъæуама кæнæн. Уомæн ба нин абони хуарз равгæ ес – æрæги, 4 июли Туйгъанти Батæрбеги райгурдбæл исæнхæст æй финддæс æма авдинсæй анзи (1866-1921). Æма уой фæдбæл æрмæгутæ абони мухур кæнæн нæ газети 4-5-аг æма 10-11-аг фæрстæбæл.*

## АХСГИАГ ФАРСТА



## УОДИБÆСТÆ 'Й АГЪАЗГЪÆУАГÆН ФÆЙЙАГЪАЗ КÆНУН!..

Еу зундилæг уотæ загъта: «Бийнонтæ 'нцæ минкъий кустуат, кæци æнхæст кæнуй паддзахадон фæдзæхст æма паддзахадæн дæттуй косæг тухæ æма æфсæддонтæ…» Æма кæд æцæгæйдæр уотæ 'й, уæд, æвæдзи, паддзахадæ æ еугур гæнæнтæ æма равгитæй ауода бийнонтæбæл, гъæугæ хузи ин агъаз кæна, цæмæй еци «минкъий кустуат» æнтæстгинæй архайа æма æнхæст кæна æ «паддзахадон фæдзæхст».

### АГЪАЗ КЕ ГЪÆУЙ, УОМÆН ИУАРÆГИ ХУАРЗ – ЗÆРДÆНЦОЙНÆ!..

Еци хабæрттæ советон доги куд арæзт цудæнцæ, уобæл нæ дзордзинан – уой хестæр фæлтæртæ ма бæлвурдæй гъуди кæнунцæ. Æма етæ нæ хæццæ исарази уодзæнæнцæ, уотæ ку зæгъæн, ци æма си куд адтæй, етæ кæд бустæги æнхæст нæ адтæнцæ, уæддæр си, абони ци бафæнзæн, уæхæн берæ адтæй. Фал еци хуарздзийнæдтæ æрбасатар æнцæ Советон Цæдеси фехæлди хæццæ. Æма нæуæг, «демократон» Уæрæсей бийнонтæ паддзахади 'рдигæй феронх æнцæ, берæ гъезæмæрттæ æма нæхъæртондзийнæдтæ æвзурстонцæ.

2

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

***Сахæттæ аразæг КЦОЙТИ Виталий исфæндæ кодта, 2004 анзи сентябри Беслæни фиццаг скъолай æверхъау фудракæнди амæнætти ервæзун кæнгæй «Альфа» æма «Вымпел»-и службæгæнгутæй, уæдта æнæнгъæлæги уавæрти министради косгутæй ка фæммард æй, уони рохс нæмттæ исæносон кæнунæн сæрмагонд сахæттæ исаразун сæ къарти хæццæ.***



*Нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** фембалдæй Уæрæсей спортивон гъæбесæй хуæцуни Федераций президент **Михаил Мамиашвилий** хæццæ, кæци æрæги Цæгат Иристони адтæй косæг балций. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 10-аг фарсбæл.*

# ÆВЗУРСТИТИ БОНМÆ ГЪÆУАМА ИСÆМБÆЛÆН ХУÆРЗЦÆТТÆЙ

*Зундгонд куд æй, уотемæй аци анз 19 сентябри Уæрæсей Федераций еугур регионти дæр арæзт æрцæудзæнæй гъæлæс кæнуни Еумæйаг бон. Æвзурст цæудзæнæнцæ Паддзахадон Думи депутаттæ, кæцидæр рауæнти ба бунæттон хецаудзийнади оргæнтæмæ æвзурститæ. Еци ахсгиаг гъуддагмæ нуртæккæ цæуй берæвæрсуг цæттæгæнæн куст.*

## «АДÆМИ ÆУУÆНКИ АККАГ УН ГЪÆУЙ...»

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйлойæн æрæги фембæлд адтæй, Цæгат Иристони Парламент æма муниципалон искондти минæварадон æмбурдти кусти парти «Еугонд Уæрæсе»-й номæй ка архайуй, еци депутатти хæццæ.

Æма æ радзубандий тæккæ фиццагидæр бафæдзахста, цæмæй си алкедæр е 'взаргути размæ дзуапп радта æ закъонæвæруйнади архайди, уæдта, адæми аллибони царди фарстатæ лух кæнунбæл куд бакуста, уой туххæй. Уæхæн фембæлдтити рæстæг бæлвурддæрæй исбæрæг кæнун гъæуй республики цæргути фæндæнттæ æма тухстаг фарстатæ.

Уæрæсей Федераций Паддзахадон Думи депутатти æвзурститæмæ цæттæ кæнунбæл дзоргæй, республики разамонæг куд баханхæ кодта, уотемæй гъæлæскæнуйнадæ æма уой размæ еугур организацион мадзæлттæ дæр гъæуама арæзт цæуонцæ закъонæвæруйнади уагæвæрдти бундорбæл, æргом æма æнаййеп фæткæбæл.

– Адæми хæццæ æнгом æмархайд кæнун гъæуй, – загъта Сергей Меняйло. – Районтæмæ балцитæй еуей рæстæг бунæттон цæргутæй фегъустон, æвзурститæмæ зæрдиагæй ке 'нгъæлмæ кæсунцæ, уой. Цæмæн, зæгъгæ, сæ ку бафарстон, уæд мин равардтонцæ уæхæн дзуапп: «Депутатти бунæттæмæ ка тундзуй, уонæй аллихузон агъаздзийнæдтæ ракоруни равгæ нин уодзæнæй...» Фæуй уотæ дæр, æма депутаттæ æвзарæн зилдти, фæззиннунцæ айдагъдæр гъæлæс кæнуни агъоммæ. Мæ гъудимæ гæсгæ, уæхæн цаутæн бунат гъæуама ма уа. Алли депутат дæр гъæуама æ зæрдæбæл дара, адæми размæ бæрнондзийнадæ ке хæссуй, адæм се 'ууæнкæй фæххайгин кодтонцæ, æма алкæци политик дæр еци æууæнки аккаг гъæуама уа.

## ÆВЗУРСТИТÆМÆ ЦÆТТÆ КÆНГÆЙ

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Центрон æвзарæн къамиси сæрдар Моргуати Жаннæ республики журналистти хæццæ фембæлди рæстæг куд фегъосун кодта, уотемæй 19 сентябри Паддзахадон Думæмæ депутаттæ 'взарунæй уæлдай ма нæ республики муниципалон искондти æмбурдтæмæ депутаттæ æвзардзæнæнцæ Алагири, Æрæдони, Дигорай, Рахесфарси æма Горæтгæрон районти.

Мизур, Унал æма Гæлиати гъæути Æмбурдти минæвæрттæмæ æвзардзæнæнцæ депутаттæ. Гъæути сæргълæугутæ æвзардзæнæнцæ Унали, Гæлиати æма Мостиздæхи. Чиколай гъæуи Æмбурди минæвæрттæмæ депутат равзарунæн арæзт æрцæудзæнæй уæлæнхасæн æвзурститæ.

Гъæлæс кæнуни бон уодзæнæй 19 сентябри, фал Уæрæсей Федераций Центрон æвзарæн къамиси унаффæмæ гæсгæ æвзаргутæ гъæлæс кæндзæнæнцæ 17, 18 æма 19 сентябри. Æвзурститæмæ цæттæ кæнуни æма сæ куд æмбæлуй, уотæ исаразунæн республики дзуапп дæттуй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Центрон æвзарæн къамис, нури уæнгæ арæзт æрцудæй 10 фæзуатон æвзарæн къамиси æма 335 æвзарæн хаййи.

Æвзурститæмæ цæттæ кæнуни рæстæг æвзарæн къамисти унаффи гъæлæси барти хæццæ архайдзæнæй 3484 адæймаги. Абони уæнгæ æвзурстити архайуни барæ ес 32 политикон партийæн.

Нæ республики æвзурстити архайдзæнæнцæ 25 политикон партий. Паддзахадон Думæмæ æвзурстити къохфинститæ æнæ æрæмбурд кæнгæй, архайуни барæ уодзæнæй 14 политикон партий кандидаттæн.

Центрон æвзарæн къамиси унаффæмæ гæсгæ, нæ республики æвзарæн бюллетентæ кустгонд кæми цæуонцæ, уæхæн комплекстæ уодзæнæй 66. Еугур фæзуатон æвзарæн къамисти æма 335 æвзарæн хаййи азгъунстити æвæрд æрцæудзæнæй видеокамеритæ æма гъæлæс кæнуни бон æвдист цæудзæнæй Интернети дæр.

# УОДИБÆСТÆ 'Й АГЪАЗГЪÆУАГÆН ФÆЙЙАГЪАЗ КÆНУН!..

Уой фудæй ба нæ бæсти демографион уавæр дæр æгудзæгæй-æгудзæгдæр кæнун байдæдта.

Хуарз æма фæстаг æнзти дæргъи бийнонти карнæбæл паддзахади 'рдигæй зингæдæр уозæлд цæуй. Уой фæдбæл ци мадзæлттæ арæзт цæуй, уонæн сæ еугуребæл нæ дзордзинан, фал еуцалдæр нæуæгдзийнадей кой ба ракæндзинан.

Фиццаг – Федераций Совет æма Паддзахадон Думæ айразмæ ци закъон исфедар кодтонцæ, уомæ гæсгæ 1 июлæй фæстæмæ æхцайæй агъазгонд цæудзæнæй, æ сабийтæ еунæгæй ка гъомбæл кæнуй, уæхæн мадтæлтæ кенæ фидтæлтæн – аст анземæй ба æхсæрдæс анзей уæнгæ кари сувæллонæн син алли мæйæ фист цæудзæнæй сæрмагонд феддон, кæций бæрцæ рæстæмбесæй нæ бæсти уодзæнæй 5560 соми.

Дуккагæй – хæстбойнон силгоймæгтæй афойнадæбæл (гъома, æ сувæргиндзийнади 6-12 къуæрей дæргъи) хигъди ка ниллæууа, етæ дæр 1 июлæй фæстæмæ есдзæнæнцæ уæхæн феддон сувæллон ин райгуруни уæнгæ. Рæстæмбес нимадæй æхсæз мин соми. Æцæг, дууæ цауеми дæр бийнонти æфтуйæгтæй еу адæймагбæл цæйбæрцæ уайуй, е ма уа региони фæццæруни минкъийдæр бæрцæй фулдæр.

Æртиккаг – авд анзей уæнгæ кари сæйгæ сувæллонмæ зелуни туххæй сæйгæдони гæгъæди ка райса, еци нийййерæгæн æ косæн рауæни æ мизд фист цæудзæнæй æнæгъæнæй (100%), æ фæллойнадон стажмæ нæ кæсгæй. Еци мадзали фæрци фулдæргонд феддонтæ алли анз дæр есдзæнæнцæ 1,5 миллион нийййерæги.

## АХУРДЗАУ КÆСТÆРТИ БАРÆВДАУН – АРФИАГ ГЪУДДАГ ÆЙ

Еума нæуæгдзийнадæ. Уæрæсей фæллойни министради разамонæг Антон Котяков куд фегъосун кодта, уотемæй ахури анзи райдайæнмæ фист цæудзæнæй фæйнæ дæс мин соми, 1 сентябри размæ æхсæз анзи кæбæл исæнхæст æй æма æстдæс анзи кæбæл нæма исæнхæст æй, уонæн.

Уой хæццæ ба нимад æрцудæй е дæр æма фæйййагъаз кæнун гъæудзæнæй, еци карæй ка фæххестæр æй, уæхæн скъоладзаутæн дæр – етæ ба 'нцæ сувæллæнттæ-инвалидтæ, уонæй берети багъæуй скъолай фулдæр рæстæг ахур кæнун. Æдеугурæй етæ ба 'нцæ 20 миллион сувæллони.

Цæмæй аци феддонтæ райсонцæ, уой туххæй нийййергути нæ гъæуй цидæр сæрмагонд гæгъæдитæ æмбурд кæнун. Фагæ 'й паддзахадон лæггæдти портали курдиадæ бадæттун 15 июли уæнгæ. Феддонтæ федун райдайдзæнæнцæ августи æма фист цæудзæнæнцæ аци анзи кæронмæ.

## ФÆНЗУЙНАГ ГЪУДДАГ

«Хуарздзийнадæ аразæ», – уæхæн акци нур цалдæр анзиискæнуй е 'мцæдесонти хæццæ Елхотти цæрæг Алити Константин.

Аци хатт хуæрзауодæн бæрæгбонмæ Дзæуæгигъæуæй æрбахудтонцæ седзæр сувæллæнтти хæдзарæ «Хори тунæ»-йи гъомбæлкæнуйнæгтæ æма гъомбæлгæнгути. Æрдзи гъæбеси, Елхотти цадити, иуазгутæ сæ рæстæг игъæлдзæгæй, пайдагинæй рарвистонцæ. Сувæллæнттæн исаразтонцæ бæхтæбæл балци, рагъазтонцæ мотоциклтæбæл, машинттæбæл.

Рæвдудгъæуагæ сабийтæн сæ зæрдити гъар балæвар кæнун – уæхæн нисани хæццæ исаразтонцæ бæрæгбон Елхотти фæсевæд æма син бантæстæй. Бæркадгин фингитæбæл сæ æрбадун кодтонцæ, æма айдагъ е нæ, фал фусунти фæлмæнзæрдæдзийнадæ, сæ рæвдаугæ цæстингас, сæ зæрдтагон уозæлд хъæбæр арфиагæй балæдæрдтæнцæ иуазæг сувæллæнттæ. Æма еци кизгуттæ æма биццеутæ, уæдта сæ гъомбæлгæнгутæ, хъæбæр си фæббоз уогæй, берæ зæрдиаг арфитæ ракодтонцæ, ци æнæферонхгæнгæ балци син исаразтонцæ, куд имонауæй сæ исиуазæг кодтонцæ, уой туххæй.

Уотæ зæгъун дæр æнгъезуй, æма сæ уордигæй сæ къах дæр нæбал хаста. Уогæ сæ еуцæйбæрцæдæр фæннифсгун кодта е, æма фусунтæ дæр æма иуазгутæ дæр куд бадзубанди кодтонцæ, уотемæй бабæй еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте нæуæгæй ардæмæ ке 'рцæудзæнæнцæ. Æнæмæнгæ уотæ ке уодзæнæй, е ба сæ дууетæй дæр федарæй æруагæс кæнуй...

Дзубанди дæр ибæл нæййес, бафæнзуйнаг гъуддаг исаразтонцæ елхоттæгтæ – исæнхæст кодтонцæ сабийти бæлдæ. Æма нæмæ уотæ кæсуй, цума сæ нæ республики иннæ рауæнти дæр сæ еци гъуддаги ке бафæнздзæнæнцæ.



**Цæгат Иристони æскъуæлхт хузæгæнæг, Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат (фæсмæрдæ) Хетæгкати Акими фурт Хъазбеги райгурдбæл 10 июли исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи (1936-1985).**





# ХУÆРЗГÆНÆГИ ФАРНÆ – АДÆМИ ХУÆРЗАМОНДÆН

ЦÆГАТ Иристони Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз** республики цардарæзти еумæйаг берæвæрсуг фарстатæбæл архайгæй, æнæмæнгæ иссеруй рæстæг, хецæн адæймæгути хæццæ хецæнæй фембæлунæн, ци фарстати фæдбæл æйяфунцæ тухстдзийнæдтæ, уонæмæ æркæсунæн æма син бæлвурд дзуапп раттунæн.

Æрæги ин уæхæн фембæлд адæтй Дзæуæгигъæуи цæргутæй къуарей хæццæ. Архайдтонцæ ма си Дзæуæгигъæуи бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæг **Милдзихти Вячеслав**, уæдта сахари аллихузон службити разамонгутæ.

Хъесати Астани гъæунги 21-аг хæдзари цæрæг фегъосун кодта сæ тургъи цæргути курдиадæ. Гъуддаг уой медæги æй, æма æрæги хæдзарæмæ бауагътонцæ нæуæг донуадзæн хæтæлтæ. Фал абони уæнгæ тургъæ æмтъери 'й, æ фæзуатмæ ин нæуæгæй базелун гъæуй. Тургъæ æма æ алфамбулай хæдзæртти цæрæг адæм корунцæ, цæмæй цалцæггонд æрцæуа æ астæугъæунгæ дæр. Уомæй уæлдай, сæ дзубандимæ гæсгæ, барæвдзитæ кæнун гъæуй спортивон фæзæ дæр.

Хъесай-фурти гъæунги цæргути курдиадæмæ æркæсгæй, сахари администраций бæрнон косгутæ зæрдæ байвардтонцæ, анзи кæронмæ амунд фарстатæ ралух кæнунбæл ке байархайдзæнæнцæ, уомæй.

Раздæри пълантæмæ гæсгæ, еци хæдзæртти астæугъæунгæ цалцæггонд гъæуама æрцудайдæ 2022 анзи. Фал бунæттон цæргути курдиадæ хингæй, еци куститæ раййивтонцæ аци анзмæ. Спортивон фæзæ дæр дууæ мæйей æмгъудмæ цалцæггонд æрцæуդзæнæй. Еци унаффитæ хуарзбæл банимайгæй, Тускъай-фурт куд фæннисан кодта, уотемæй комкоммæ æ цæстæ дарддзæнæй, Хъесай-фурти гъæунги цæргути курдиадитæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ.

Фембæлдмæ ка 'рбацудæй, уонæй еу – **Черкасти Заремæ**. Силгоймаги загъдмæ гæсгæ, æ фурт аци анз хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæцæй астæуккаг скъола, æвзонг лæхъуæн «сугъзæринæ» майдан райста Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйлой** къохæй. Нур биццеу идарддæр ахуркæнуйнаг æй Уæрæсей Федераций Президенти рази Адæмон хæдзарадæ æма паддзахадон служби Академий. Мадæ æ сувæллони гъомбæл кæнуй еунæгæй, бийнонти фæрæзнитæ фагæ нæ 'нцæ лæхъуæни æндæр сахармæ ахурмæ рарветунæн. Уомæ гæсгæ силгоймаг ракурдта, цæмæй син æхцайæй фæййагъаз кæнонцæ.

Тускъати Таймораз зæрдæ байвардтæ биццеуæн æмдзæрæни бунат радех кæнуни фæдбæл академий разамунди номбæл финстæг рарветунæй. Бийнонтæн æхцайæй фæййагъаз кæнуни фарстамæ дæр каст æрцæудзæнæй.

Уотæ, еугур фарстати – æхсæнадон транспорти куст, гъæунгти фæлгонцадæ, фæндаггон змæлди æдасдзийнадæ æма иннети фæдбæл дæр хаст æрцудæй ахедгæ унаффитæ. Алли курдиадæ исæнхæст кæнунæн дæр æвæрд æрцудæй бæлвурд æмгъудтæ.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# БИЙНОНТÆН СÆ ЦАРДИУАГÆ СÆХЕЦÆЙ АРАЗГÆ 'Й!..

*Æхсæнадон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугурууæрæсеуон центри æртасгутæ бийнонти цардарæзти фарстати фæдбæл ци æрфарст исаразтонцæ, уой бæрæггæнæнтæ рауадæнцæ мæнæ ауæхæн:*

**Бийнонти медастæу рахастдзийнæдти ахсгиаг æй æмбарæдзийнадæ:** æнæмæнгæ уотæ уа, зæгъгæ, нимайунцæ, ке бафарстонцæ, еци адæмæн сæ **82%**. Усгинтæн (еумæ ка цæруй) сæ **72%** куд зæгъунцæ, уотемæй æцæгæйдæр еугур унаффитæ дæр рахæссунцæ еумæйагæй (2009 анзи ба еци бæрæггæнæн адтæй **34%**). Уотæ ка нимайуй, æма бийнонти медæгæ сæйрагдæр гъæуама уа еу адæймаг, етæ бийнонти сæргълæууæгбæл ахиддæр байамонунцæ нæлгоймаги (**16%** куд зæгъунцæ, уотемæй гъæуама уотæ уа, **21%** ба – æцæгæйдæр сæмæ уотæ 'й), силгоймаги кой ба æстæндæр æй (**1%** æма **6%**).

**Комкоммæ силгоймаги ихæстæбæл абони нимайунцæ** (гъæуама уотæ уа, зæгъгæ) айдагъдæр дзаумæуттæ æхснун, нæлгоймаги ихæстæ ба – листæг цалцæггæнæн куститæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй бийнонти медæгæ æхснæн куститæ кæнунцæ силгоймæгти **72%**, цалцæггæнæн куститæ ба – нæлгоймæгтæн сæ **67%**. Уой хæццæ ба ма ихæсти кæцидæр хай, куд исфæткон æй, уотемæй дехгонд цæунцæ: айдагъ æхснун нæ, фал туй æвæрун, хуæруйнаг цæттæ кæнун, æфснайун силгоймагæ хаунцæ, зæгъунцæ бийнойнæгтæ. Уой хæццæ ба ма, куд басастæнцæ, уотемæй фулдæр хæттити сæ æнхæст кæнунцæ еумæйагæй.



**Бийнонтæ материалон æгъдауæй ефтонгкæнуйнади хабæрттæ,** æрфарст адæмæн сæ фулдæр (**61%**) куд байамудтонцæ, уотемæй æнхæст кæнунцæ еумæйагæй. Силгоймаг бийнонти еумæйаг бюджетмæ хæсса уомæн е 'ртиккаг хай, (**32%**), зæгъгæ, нимайунцæ нæлгоймæгтæ, силгоймæгтæ ба байамудтонцæ æндæр нимæдзæ – **43%**.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Паддзахмæ, дан, еу усæ агъазагор бацудæй. Паддзах имæ байгъуста, уæдта 'й бафарста:*

*– Хуарз усæ, æма дин неке ес, мæнæй æндæр дин ка фæййагъаз кæна, уæхæн? Цæуæт, хæстæгутæ?*

*– Куд нæ, куд нæ! Авд фурти мин ес, фал сæ фадуат нæ амонуй.*

*– Æма дæ авд фурти цæмæн багъудæй? Мæнæ еу мæн хузæн фурт исæнтæсун кодтайсæ, æма дæ мæгургор цæун нæ гъудайдæ…*

*– Дæу хузæн фурт паддзахæй рантæстæй! Мадта ду дæр дæ лæгдзийнадæй паддзах нæ дæ, фал дæ мадæн паддзахæй райгурдтæ. Дæ амонд уæхæн адтæй, æндæр мæ фурттæ дæуæй фуддæр нæ 'нцæ! Фал сæ фидæ зæнхкосæг адтæй. Сæ амонд уæхæн æй…*

*Паддзах уоси æргом уайдзæфтæбæл ниссагъæси 'й, æ хæццæ исарази æй æма ин фæййагъаз кодта…*

***

Аци таурæхъ бакæсгæй, адæймаг æй куд нæ рабара нæ абони цардарæзти уавæрти хæццæ?!. Æ бийнонти зин цардæй исгъигæ уогæй, паддзахмæ агъазгор ка бацудæй, еци уоси хузæн цалдæр кустгъон фурти кæмæн ес, фал син аккаг кусти равгитæ ба нæййес, еци бийнонтæ гъæуама ци кæнонцæ? Уогæ тухамæлттæй кустбæл уæддæр ка фæххæуæст уй, уони уавæр дæр бустæги зæрдирай ку нæ фæууй – мизд дæр син цанæбæрæг фæууй: дууадæс-финддæс мин соми. Бийнонтæн сæ æнæмæнгæ бакæнуйнаг хæрзти фагæ дæр нæ исунцæ сæ еумæйаг æфтуйæгтæ. Никки – абони нæ национ есбонадæн æ фулдæрæй-фулдæр бæрцæ сæхеуон бакодтонцæ миллиардерти нимад къуар. Уой фæрци ба сæ цæуæт дæр цалдæр фæлтæремæй уæлгенæг цард кæндзæнæнцæ. Миллионгай мæгуйраг бийнонтæ ба тухамæлттæй сæ бæнттæ æрветунцæ, сæ карнæй зæрдрохс нæ уогæй…



**Джеймс БРАУН (1933-2006), америкаг зартæгæнæг: «Нæлгоймæгтæй берети бон æй, агъазиау мулкитæ исамал кæнун, фал си ефстаги бон исуй бийнонтæ исаразун…»**

Æцæгæйдæр уотæ ке 'й, уомæн хуæрзæвдесæн æхе цард – цалдæр хатти багъавта бийнонтæ исаразунмæ, фал нæ фæррæстмæ уидæ. Мадта 'й дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæй зонæн, абони дæр нæ бонгинтæй цал æма цал еухуззæнон бийнонтæ исаразунгъон нæ разиннунцæ, сæ мулкитæ ба сæ берæ уостити фудæй хæлхъойаг исунцæ…



**Василий СУХОМЛИНСКИЙ (1918-1970), советон доги номдзуд ахургæнæг: «Бийнонтæ 'нцæ уæхæн райдайæн æхсæнадæ, кæцими адæймаг гъæуама ахур кæна хуарздзийнадæ аразунбæл…»**

Уотæ бæргæ 'й, фал, цума, уанæбæрæг циуавæр æй нæ нуриккон бонгинти бийнонти медæгæ æхсæнадæ? Уомæн æма етæ – хестæрæй ба кæстæрти уæнгæ – хуарздзийнадæ айдагъдæр сæхе пайдайæн лæдæрунцæ. Сауæнгæ пандемий тухст рæстæги, адæм берæ аллихузон гъæуагæдзийнæдтæ ку æвзурстонцæ, уæд етæ ба гъæздугæй-гъæздугдæр кодтонцæ. Зæгъæн, миллиардер Геннадий Тимченко, æ нихмæ Хорнигулæни санкцитæ кæд адтæй, уæддæр æ есбон фæффулдæр æй 43,8% æма имæ ес 22 миллиард доллæри… Уотæ иннæ бонгинтæ дæр…



**Мигель де Сервантес САВЕДРА (1547-1616), испайнаг финсæг: «Хæларзæрдæ цардæмбалемæн фæууй дууæ уоди, фал еумæйаг фæндæ…»**

Бæргæ уотæ 'й, фал фулдæр хæттити сæ хæлардзийнадæ рафагæ уй, цалинмæ си алке æхе фæндæ сæйрагдæр кæнун нæ байдайуй. Æвæдзи, уомæ гæсгæ не 'сберæ 'нцæ, раздæр нæ адæми 'хсæн æведауцæбæл нимад ка адтæй, уæхæн хабæрттæй: бийнонти медастæу хæлхъойтæ, кæрæдзей æфхуæрунтæ, кæрæдземæй хецæнтæ кæнун, мулкитæ тæрхæндæнтти дехтæ кæнун… Бæлах ба е æй, æма етæ цардæмбæлттæн сæхемæ дæр æма дзиллæмæ дæр ходуйнаг æма аллайаг нæбал кæсунцæ…

**Иристони интеллигенций номдзуд минæвар Мисиккати Асланихъой фурт Мæхæмæти райгурдбæл 15 июли æнхæст кæнуй авдинсæй анзи (1881-1937). Ирон медицинон косгутæй е иссæй медицинон наукити доктор, профессор.**

***Туйгъанти Батæрбег кæд баделиатæй адтæй, уæддæр ин хумæтæг цæргути хæццæ æмлæдæрд ахастдзийнæдтæ адтæй, уомæн æма ин лæдæрдтæнцæ æ уодиконди характедзийнадæ, сæхе цæститæй æй уидтонцæ, сæ хуарздзийнадæбæл æновудæй ке архайуй, уой.***
***БАЛИКЪОТИ Тотраз, историон наукити доктор, профессор.***



ТУЙГЪАНТИ Батæрбеги райгурæн гъæу Дур-Дур.

# ЕЗДОН ÆМА СÆРÆНИГУРД



**МÆРЗОЙТИ Сергей,**
Цæгат Иристони адæмон финсæг (1927-2008)

***Хонх комæй федауй, ком – мæсугæй, муггаг – лæгау лæгтæй. Туйгъанти устур муггаги берæ адтæй номдзуд дзурддзæугæ лæгтæ. Гъæздуг баделиатæн урух адтæнцæ сæ равналæнтæ: зæнхæ – берæ, фонс – берæ, ахурмæ дæ над игон. Æнæгъæнæ Иристони дæр зудтонцæ инæлар Туйгъанти Аслæнбеги. Ири устурдæр хузæгæнæгбæл нимайæн Туйгъанти Мухарбеги. Фæскавкази театралон аййевади историй аккаг бунат байахæста Азербайджани адæмон артист, профессор, актер æма режиссер Туйгъанти Александр. Ирæнттæй фиццагдæр е исæвардта сценæбæл Шекспири «Отелло» æма «Гамлет», Шиллери «Абæргутæ», Гоголи «Ревизор» æма берæ æндæртæ. Идæрдтæбæл райгъустæй сæ кой цирки артисттæ Туйгъанти Михал æма æ кизгæ Дзерасси кой. Минкъийдæр зонунцæ дзиллæ искурдиадæгин финсæг æма революционер Туйгъанти Батæрбеги. Уотемæй ба алцæмæй дæр æнхæст адтæй – курухон зундæй зæгъай, кенæ тохгæнæги темпераментæй, уæдта кæбæлти адтæнцæ æ уоди хуæрзтæ. Ес ин æхе сæрмагонд бунат нæ адæми æма нæ литератури историй. 150 анзи исæнхæст æй, Батæрбег æдзардæй уорсгвардионти къохæй ку фæммард æй, уæдæй нурмæ, фал ирон нæй: уомæн æма табу кодта дууæ хуарзæнхемæн – ездон лæгæй æй зудтонцæ е 'мдогонтæ, сæрæнигурдæй байзадæй сæ зæрдити, сæ имисуйнæгти.***

Æлдæртти идеологийæй Коммунистон партий Манифестмæ – уæхæн æнахур арфиаг над равзурста Батæрбег. Æ сабийбонтæ рарвиста баделион галауани, æхе цæстæй фæууидта, æхе уодæй бавзурста ездæнтти æнæмæтæ, гъæздуг цард æма æгæнон миутæ. Сæхе Хуцауи минæвæрттæбæл нимадтонцæ, хумæтæг адæймаги ба æхсæй рæвдудтонцæ – хуæздæр амонд нæ адтæй цагъайрагæн, æнæбон, æнæном рæстæгмæцæрæгæн. Уæд фæззиндтæй аци дзурд ирон æвзаги. Æлдар –уæлбекъон, Хуцауи иуазæг, мæгур лæгæн хори гъарæй хай нæййес. Е рæстæгмæ цæруй а зæнхæбæл.

## ФУДИМЕЛИ НИХМÆ ТОХ КОДТА РÆСТУОДÆЙ ÆМА ÆНДИУДÆЙ...

Батæрбег æхе лæдæрунгъон ку фæцæй, уæд æхсæнади гъæддаг уавæрæй нигъгъæрзтæй æма истох кодта æфхуæрд адæми социалон бартæбæл, æ къох исиста æлдæртти цардиуагæбæл. Ездон... Гъо, ездон адтæй Батæрбег, фал æ ездондзийнадæ æвдиста прогрессивон зундирахастæй, сæребари сæрбæлтау тохи бахсистæй Туйгъанти сæрæнигурди дуйнелæдæрундзийнадæ. Еунæг нæ адтæй æ зин цардвæндаги.

Туйгъанти Мухарбег дæр адæмæн балæвар кодта, æ фиди бунтæй имæ ци дууæсæдæ фæндзай дæсæтини æрхаудтæй, уони, уæдта активонæй архайдта бонгинти зæнхитæ мæгуртæбæл байуаруни къамиси. Нæ ин ниххатир кодтонцæ æлдæрттæ, маргутæ бал имæ бабурстæнцæ, фал æ хæлар Едзити Угъалухъи агъазæй фæййервазтæй. Уорс бандиттæ сæ маст гъæддаг миуæй райстонцæ – генион хузæгæнæги фæллæнттæ никкалдтонцæ устур аги фицгæ дони.

Иннæ уæхæн баделион Болай фурт – Хъубатти Агубекир. Е иссæй зингæ финсæг, прозаик æма драматург. Æрдхуæрæни Чермени фæлгонц нæ драматургий еугурей фиццаг Болай фурт иснивæзта.

Историон рæстадæ арф æма фурдæснийæй ке равдиста, уой ин нæ ниххатир кодтонцæ е 'мтог ездæнттæ, карз хъоди ибæл бакодтонцæ. Финсæг æ зундирахаст нæ райййивта, æ адæмæн бæдоли лæггадæ фæккодта æ рамæлæти уæнгæ.

Уони Батæрбег нæ зудта, фал фæстагæнттæн ниффæдзахста раст над æма раст гъудитæ. Барвæндонæй ниууагъта æ фидиуæзæг. Æрцардæй Дзæуæгигъæуи, иссирдта æмзунд æмбæлттæ прогрессивон, демократон, революцион интеллигенций минæвæртти 'хсæн. Базонгæ 'й сæ хæццæ æма бауарзта Къостай, табу кодта нæ цитгин поэти исфæлдистадæн. Базонгæ 'й æма балимæн æй Варварæ Шредерси хæццæ дæр. Фæстæдæр, фиццаг урусаг революций рæстæг балимæн æй Бритъиати Елбиздихъо æма Байати Чермени хæццæ, сæ хæццæ еумæ архайдта революцион змæлди. Æфхуæрд дæр баййафта, багъудæй æй æ цæрæнбунат раййевун – рандæ 'й Мæскумæ. Уоми дæр нæ ниххустæй революционери зæрди цæхæр. Тахо-Годи, Уллубий Буйнакскийи хæццæ архайдта революцион змæлди. Революци ку фæууæлахез æй, уæд куста нацити гъуддæгути æма рохсади адæмон комиссариати, уой фæсте ба Дагестани бæрнон бунæтти.

Рохситауæг æма революционер, рауагъдадæ «Ир»-и дæснидæр косгутæй еу, Маркс æма Энгельси уадзимисти фиццаг тæлмацгæнæг ирон æвзагмæ, прогрессивон интеллигенций минæвæрттæ Хъанухъуати Алмахседти, Санати Елхъани, Башир Долгати æмбал æма æмтохгæнæг. Берæвæрсуг æй Батæрбеги æхсæнадон архайд, хормæ хаста адæми царди зин уавæртæ ке æма цæй фудæй æнцæ, еци фудимели хабæрттæ. Кæми æрцæридæ, уоми æ цæрæнбунат исуидæ е 'мтохгæнгути гъар астъонæ – æ ездон уодигъæдæ æма æ сæрæндзийнадæй æхемæ æлваста, исонибони амондбæл æновуд ка адтæй, уони.

Хъазар æнцæ махæн Батæрбеги исфæлдистадон бунтæ. Радзурдтæ, драмон уадзимистæ, цалдæр ке нæ фæцæй, уæхæн уацауи æма пьеси. Берæ нæ 'нцæ, фал сæ ахедундзийнадæ минкъий нæй, нæ адæми цард си равдиста æнхæстæй, нивæфтудæй, æ тухгин искурдиадæ, æ арф зундирахаст уадзимисти ирдæй зиннунцæ. Литератури фиццаг къахдзæфтæ ку кодта, уæд Батæрбегæн дæр Къостай хузæн æ бон адтæй уотæ зæгъун:

*Вы создали право владенья,*
*Где так обездолен народ…*
*Мне вашего счастья не нужно –*
*В нем счастья народного нет!..*
*В блестящих хоромах мне душно,*
*Меня ослепляет их свет…*

Хуæнхаг лæги меддуйне – е æй сæйрагдæр финсæги исфæлдистади, хумæтæг адæймаги царди уавæртæ, е 'нкъарæнти хъурдохæн, æгъдау æма æфсæрми ке тоги рагъардтонцæ, уони æвдесуй æ уадзимисти. Арф психологон уагæбæл амад æнцæ æ радзурд «Ханиффи» хъайтарти рахастдзийнæдтæ. Хъасболат æма Хангерий кæнгæ æнсувæрти ард бахуардтонцæ, æма фидтæлти фарнæ цæстигагуйау гъæуай кодтонцæ. Æнæнгъæлæги æнæбари сæ муди къæмæ ниххаудтæй – Хангерий бауарзта Хъасболати хуæрæ Ханиффи. Ардбахуæруни сæрти бахезун – мардæрцудæй уæлдай нæ адтæй. Æма 'й фидбилизи азар басугъта – æхе нæ бауорæдта, е 'нкъарæнтæ ибæл фæууæлахез æнцæ æма ибæл рохс дуйне батар æй.

Ходуйнаги бæсти – мæлæт. Уæхæн тæрхон рахаста æхецæн. Сирддзастæй нæййес цæрæн, æгъдæуттæ ка фехала, е æлгъистаг уодзæнæй, æма уой бæсти – мæлæт. Карз æма домагæ цардиуагæ адæймаги рæдуйун нæ уагъта. Хъайтарти алли дзурд, алли æнкъарæнбæл дæр æвуæндтæй.

## АДÆМИ ХУАРЗÆН КА 'Й, ÆЦÆГ ÆГЪДАУ Е ÆЙ!..

Æ иннæ радзурдти дæр финсæг æхе равдиста дæсни психологæй, фал уоми тухгиндæр æнцæ социалон мотивтæ, хумæтæг хуæнхаги фæлгонц аразуй æ рæстæги царди цаути бундорбæл. Æмуод æй финсæг æ хъайтарти хæццæ, лæдæруй син сæ тухст уавæр, хуæздæр амондмæ ке бæллунцæ, сæ марæги зонун ке байдæдтонцæ, еци менеугутæ сæ æвæрунцæ еу тæрхæгбæл разагъди лæгти хæццæ.

Уæззау куститæй хъæбæр ниффæлладæй Гуйман, радзурд «Бæхдавæг»-и хъæйтар. Марамæлай къæбæр æй æ фудæбон. Галтæ, уæрдун, фæрæт æма фиййаг – æнæ уонæй нæ федауй. Ниггубур æй царди уæзæй, фал æ реуи тæлфуй кæдзос зæрдæ. Æ синхон Базземæ дæр багъæуаги сахат агъазмæ фæззиннуй. Æ уодæй фулдæр бауарзта хуæрзуод, хуæдæфсармæ кизги. Уой цæстæмæ æхе гъаруй лæгдзийнадæ равдесунбæл.

Уомæй испайда кодта æдзæсгон Сабан æма Гуйман æнæбари абæрæг иссæй. Æ сæрмæ бæргæ нæ хаста æгадæ миутæ, фал къæппæги бахаудтæй, æхе фæсмонæй бахуардта, сайд æма мæнгард миутæй æ исæфт фæууидта. Æ тæрегъæд уотæ арф æвдист æй уадзимиси æма сæбæл дузæрдуг неке фæуулодзæнæй.

Цауддæр нæй фиййау Бадей фæлгонц дæр. Е дæр – кæдзосзæрдæ хуæнхаг, æрдзи хъæболæ. Е дæр мæгур æма æфхуæрд – кедæр фонси фæдбæл зелуй, фал æрдзи рæсугъддзийнадæй исуадзуй æ туппуртæ. Лæдæруй, адæймаг æма æрдзæ æмдухæ ке нæ 'нцæ, уæдта адæм æмхузон ке нæ 'нцæ. Еуетæ – амондгун, иннетæ – гæвзукк æма дæлбарæ, еуетæ – ахургонд, иннетæ – фонсау æгомуг. Ке зæгъун æй гъæуй, æ социалон уавæри уедæгтæ искъахун нæ фæразуй. Æ зунд уоййасæ нæ кæрдуй, æма æ реуи иссугъдæй æнахур бæллец – киунугæ кæсунмæ бæллун байдæдта, цæмæй исуа амондхæссæг, адæмæн ести хуæрзти бацæуа, æма æхецæн дæр искæна ном æма кадæ.

Мæгури зæрдæ фунтæй хъал фæууй. Æ сæнттæ æй идардмæ рахæссунцæ, фал æ бæллецтæ къохи кæми æфтуйунцæ. Баде саст базурæй байзадæй. Царди хуæрзтæй фенæхай æй, æ гъезæмæрттæй нæ фæййервазтæй, арфдæр имæ багъардта, æнæбон ке 'й, е. Нурæй фæстæмæ дæр æнæ нифсæй ке цæрдзæнæй, уой балæдæрдтæй. Уæхæн æй цардиуагæ, царди фæткæ.

Цæхæркалгæ Хъазбеги цъоппæй æ цæститæ ратонун нæ кумдтонцæ. Хори тунти рæвдудæй-еу бафсастæй. Нур ба? Хор ранигулдæй фæсхонхмæ. Хъазбег райййивта ирайгæ хузæ – фиййау æ цæстисугтæй æхе æхснуй. Уæддæр радзурд адæймагмæ æвзурун кæнуй райдзаст гъудитæ. Кæд фиййау уодварнæмæ тундзуй, уæд ин ес исонибон, ескæд уобæл дæр хор ракæсдзæнæй, фæййервæздзæнæй æ гъезæмæрттæй. Ескæд…

Нур ба бал Гуйман дæр æма Баде дæр æнцæ сæ рæстæги цагъартæ, фудцæрдтити амæттæгтæ, сæ сæнтти тæрегъæддаг хъæболтæ, састбазур цæргæстæ.

Нæ адæми царди исафуйнаг, мæлуйнаг æгъдæуттæ минкъий нæ адтæй. Нæ фингутæй сæ нихмæ æ баргун гъæлæс ка нæ исиста, уæхæн нæ адтæй. «Æгъдауи уацари» – уотæ исхудта Батæрбег æ уадзимистæй еуей. Тогесуни æгъдау берæ фидбилизтæ æрхаста

**Уæрæсей æма Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг, композитор, музыкалон æма æхсæнадон архайæг Хъанухъти Харитони кизгæ Ларисæбæл 11 июли æнхæст кæнуй дæс æма æртинсæй анзи.**

*Туйгъанти Батæрбег Дзæуæгигъæуи ку æрцардæй, уæд имæ ахид æмбурд кодтонцæ фæсевæд. «Гъуди кæнун æ карз æма дæргъвæтин турустæ æ циазгутæй кедæрти хæццæ косгутæ æма зæнхкосгути фарстай фæдбæл, заводти косæн рæстæг косгутæн фæмминкъийдæр кæнунбæл», – имиста е ’рвадæ, номдзуд хузæгæнæг ТУЙГЪАНТИ Махарбег.*



адæмæн. Цæсти æфтаун, фаун, карзæй дзорун тогесуни нихмæ – е фагæ нæй. Уотæ гъуди кодта финсæг, æма æ уингæ цæстæй фæууидта, дзиллитæ сæхуæдтæ арази ке нæбал æнцæ, еци æгъдауæй, исæфти къахбæл ке лæуунцæ, уой лæдæрун ке байдæдтонцæ.

Радзурди хъайтар Фацбай арти содзуй. Æхсæз анзей размæ ин е ’нсувæри рамардтонцæ. Лæг æнцойнæ нæбал зонуй. Æ мадæ æхсæвæй-бонæй гъæрзуй, дæ тог райсæ, зæгъгæ. Гъæунгæмæ ракæсæн нæййес – алкедæр æй уайдзæфти буни фæккæнуй. Кизгуттæ имæ се ’ргом нæбал æздахунцæ – тæрсагæбæл æй нимайунцæ. Бæргæ ’й лæдæруй Фацбай, тог райсунæй адæймаги кадæбæл неци бафтуйдзæнæй, амонд не ’ссердзæнæй. Æ сæр исдзæгъæл уй. Цæмæн? Ци пайда æрхæсдзæнæй тогесун? Æ цæсгон искæдзос удзæнæй? Æма æхебæл къæмæ рабадун ку некæд бауагъта. Æ тоггини хæццæ хæрхæмбæлд ку фæцæнцæ, уæд Фацбай æ хъæма исласта, æма æнæбари æхебæл гадзирахаттæй рацудæй – рафæлдахта лæги.

Фацбай нæ фæттухгин æй фидтæлтиккон æгъдаубæл, æ амæттаг разиндтæй. Гъо, фал уал анзи карди комбæл дæ уод фæддарæ, дæ бæттæнтæ рæдовæ, дæхе фидбилизæй бахезæ, архайæ рæстдзийнадæ иссерунбæл – етæ дæр хъайтарæн удæвзарæн адтæнцæ, фал имæ рохси тунæ дæр фертивта. Æ иннæ радзурдти хæццæ еума уадзимис иссæй ирон царди ахсгиаг цаутæ æвдесæг.

## МÆГУР УÆЛДАЙ МÆГУР ÆЙ, Æ СÆРБÆЛ ДЗОРÆГ ИН КУ НÆ УА...

Финсæгæн æ зундирахаст æма е ‘сфæлдистадæ баст фæуунцæ. Куд загътан, уотемæй Туйгъанти Батæрбег революцион змæлди активонæй архайдта. Бæстæ исæзмалдæй. Адæм тохæндзаумæуттæмæ бавналдтонцæ. Косгутæй раудадæй тохи сæргъузойтæ.

Батæрбег марксистон теорийæй ефтонг адтæй – «Капитал» хуарз зудта, «Коммунистон партий Манифест» дæр ма ирон æвзагмæ раййивта. Мадта революцион змæлдæн дæр æ арфдæр гулфæни ранигъулдæй, пропагандист дæр адтæй, рохситауæг дæр, социал-демократон къуæртти ’й сæ рæбуйнагдæрбæл нимадтонцæ, Дзæуæгигъæуи дæр, Мæскуй дæр е ’мтохæнгутæй некæд фæцæух æй, æма уæд финсæги исфæлдистади куд гъæуама нæ фæззиндтайдæ косæг къласи темæ? Е нæ, фал ма е ’новуддæр фарсхуæцæг разиндтæй.

Косæг къласи темæ Батæрбеги ’сфæлдистади фæззиндтæй раздæр æма æнхæстдæрæй. Сауæнгæ 1904 анзи ниффинста æ пьесæ «Параллели».

Æфхуæрд косгутæ æма сæ цагъаргæнгути ’хсæн цæуй мæлæтдзаг тох, нæ син ес бафедауæн. Хецæуттæ сæхе буни æндзарунцæ, фонси уавæрмæ æртардтонцæ сæ даргути, фал етæ дæр нæбал фæразунцæ къæлæт хæссун, сæ бартæбæл исдзурдтонцæ. Пьесæн æ бундори æвæрд ес еци буцæу æхсæнади дууæ хайи ’хсæн. Долматовтæ æма Щукинтæ цъирунцæ фабрики косгути тог, фал сæ бохъцарди бундор æзмæлун байдæдта. Æма куд нæ!



Карл Маркси "Коммунистон партий Манифест" дигорон æвзагмæ ТУЙГЪАНТИ Батæрбеги тæлмаций къохфинсти сифтæй еу.

Андрейи биинонтæ фæццагъди ’нцæ стонг æма незæй. Косæгæн æ къох уæззау кусти рахаудтæй. Фургуст æма фудцæрдтитæй еугай-дугаййæй исæфунцæ. Сæ маст тонуй, фал нурма лæмæгъ æнцæ, сæ фæндитæ æма нисантæ нæма исеу æнцæ тохи медæгæ. Уæддæр сæ урамæг урамун нæбал бафæраздзæнæй. Федæн уони къохи æй, кæд ма паддзахи сайæн дзубандитæбæл æууæндунцæ æма ин æ хуæрзтæбæл сæ зæрдæ дарунцæ, уæддæр. Тарфунæй нæбал кæнунцæ, фал рохс исонибонмæ над иссерунмæ нæма арæхсунцæ. Цийфæнди уæд, буцæу карзæй-карздæр кæнуй, æма æнцонтæй рахецæн уа, е сæ уодбæлхуæцгутæй дæр не ’руагæс кæнуй.

Тухгин ма ’нцæ фабрикантæ Долматов æма Щукин, зæнхгинтæ Казанов æма Последов, фал сæ тог исусун байдæдта, сæ бохъ цард сæ хъури фæббадуй. «Æнамонд игурдтæ» сæ хонуй интеллигент Самсонов. Нецæййаг гъуддæгути цагъартæ, ниуæзтæ агорунмæ бафтуйунцæ, сæ зунд батар æй, æхца æма си мулк гъæддаг сирдтæ иса-разтонцæ. Уомæн æма етæ иссæнцæ сæ дин, сæ царди медес æма нисан дæр. Сæ цæуæт дæр æнцæ сæхе хузæн. Щукини фурт Николай уотæ зæгъуй: «Мæнæн куд хуæздæр уа, гъæуама уотæ цæрон, раст дæн æви нæ, уой мæтæ мæмæ нæййес æма нæ удзæнæй».

Цæмæдессаг æй либерал Самсонови фæлгонц. Дохтирæй косуй, фабриканттæй нæй, сæ нихмæ дæр ма æргомæй исдзоруй, фал æ исæфт уинуй къласон тохæй. Косгутæ ке нæбал косунцæ, уомæй арази нæй, гъома, дан, хецæутти хæццæ кæрæдзей балæдæретæ æма бафедауетæ. Æ «философийæн» царди бундор нæййес, æма метин мæсугау рагъæлдзæнæй тохи дзамани.

## УАРЗТ ÆМА ФУДÆНХÆ, РÆСТАДÆ ÆМА ХÆРАН – ЦАРД СИ Е ‘ДЗАГ ÆЙ...

Батæрбег берæ æнзти фæккуста æ уацау «Батаноко Тембот»-бæл. Уадзимис арæзт æй кæсгон адæми историй цаутæбæл. Кæсæги истори финсæг хуарз зудта, хестæрти хабæрттæ æма таурæхътæ, историон æрмæг дæр æрæмбурд кодта. Фæндадтæй æй нæ синхæгти цард нæудæсæймаг æноси райдайæни равдесун. Еци рæстæг паддзах Цæгат Кавкази арæзта тугъдон федæрттæ, æма феодалтæн дæр сæ зæнхитæ байста. Æлдæрттæ уæхæн уавæрбæл арази кæми адтайун-цæ æма равзурстонцæ Уруси æфсади хæццæ истох кæнун. Мæгурти тухст уавæр дæр син фæппайда æй. Тугъди пеллон арти сæ бакалдтонцæ. Уотемæй ба некæд банцадæй карз буцæу кæсгон æхсæнадæн æхе медæг – къниæзти æма цагъарти ’хсæн.

Бонгин Шатлинокой галауани шариат æма хъурани домæнтæмæ гæсгæ æвæрд адтæй цардиуагæ. Цагъайраг æ къниазмæ фæстæмæ фæккæсун дæр не ’ндиудта. Æгомуг. Æлгъистаг, тæрегъæддаг. Адтæй се ’хсæн лæгау лæгтæ дæр. Бæхгæс Шухаиб сæребарæ цардмæ бæллуй, цагъайраги уавæрæй фæййервæзунмæ бæллуй. Фæлледзон, загъта, Абхазти бæстæмæ, цæмæй исуон уæгъдебарæ адæймаг. Фæлледзон… Е дæр бæлдæ æй, адæймаг сæрустурæй цæрун ке уарзуй, уой æвдесæн æй.

Адæми царди циуавæрфæнди доги дæр фæууй зæрдæмæгъаргæ хабæрттæ æма цаутæ. Куд нæ адтайдæ гъæздуг æлдари устур хæдзари дæр цæсти ахедгæ хузтæ. Гурмашукой коргутæ галауани ку фæззиндтæнцæ, минæвæрттæ рагон æгъдæуттæ куд æнхæст кодтонцæ, етæ айдагъ цæмæдессаг нæ ’нцæ, ес сæ царди фæтки менеугутæ, истори æма этнографий уагæ, аййев æндæвд. Иннæ уæхæн Батаноко æма Шатлинокой федуд, кенæ Жилля-Гуаша е ’фсийни хæццæ ку фембалдæй, еци хабар.

Батæрбеги исфæлдистадæ ’ртасгутæ финсæги устур æнтæстбæл нимайунцæ Хаджи-Паго æма Инали фæлгонцтæ. Сæ еугурей аййевдæр, рæсугъддæр хуарæнтæй равдиста финсæг Жилля-Гуаша æма Кушуки сорæттæ. Кизгæ æма сабий цæрунцæ æнæхийнæ æма æнæмастæй, сæ удирахаст æййевгæ цæуй æма син адæймаг æнкъаруй сæ алли уолæфт, сæ зæрдити тæлфт, сæ фæлмæн дзурди азæлд.

Гъулæггагæн, уацау кæронмæ финст нæ фæцæй. Петербурги Батæрбеги багъудæй финсæги пъеро æндæр хуæцæнгарзæй байвйевун. Революцион æзмæлди уолæнтæ ’й æндæр сагъæстæбæл бафтудтонцæ. Уæдта райдæдта фиццаг империалистон тугъд. Цалдæр бæсти бацæнцæ тогуарæн буцæуи амæттаг. Мингай, миллионгай фесавдæнцæ æвуд салдæттæ. Батæрбег архайдта тугъди фидбилизтæ æвдесунбæл. Фал æ нæуæг пьесæ еуæйеу рауæнтæй фæстæмæ идзаг рауадæй философон гъудитæ æма сагъæстæй. Уарзт æма фудæнхæ, рæстдзийнадæ æма хæран, æма ма берæ æндæр фарстатæбæл цæуй дзубанди уадзимиси.

«Пьеса по существу бессюжетна, – финста Сумената Замирæ, – философ, работая в своем кабинете, уснул, и во сне перед ним появляются Справедливость, Любовь, Добро, Логика, Зло, Ненависть, Сознание человека и ведут между собой спор о том, почему в мире царят Зло и Насилие».

Пьеси дзурд цауй дууæ хузи адæймагей цардбæл. Фабрикант æма æ уосæ цардæй тъæпп хаунцæ, æнæуагæ миутæй сæхе боц кæнунцæ, нæййес сæмæ æгъдау æма æфсармæ. Мæгур Иван ба, кæрдзини морæ имæ ке нæййес, уой тухххæй æхе рамарунмæ цæттæ фæуй. Финсæг уотæ зæгъуйнаг æй: уарзт æма хæран дæр, алцидæр царди æууæлтæй æвзуруй, æма етæ ’нцæ исафуйнаг, кенæ ба æхсæнади федуд нæ уодзæнæй, уомæн æма æ закъæнттæ дæр æхе домæнтæбæл амад фæуунцæ.

Иннæ хузæ: тугъдонтæ акъоппити кæрæдзей цæгъдунцæ. Цæй фудæй? Исонибони сæрбæлтау. Рæстæги сæрбæлтау. Уæхæн гъуди нæ разæнгард кодта финсæги. Æ пьесæ Батæрбег æмдзæвгитæй ке ниффинста, е æй æ искурдиадæ берæвæрсуг ке æй, уой æвдесæн. Уæдта, æвæдзи, ци фарстатæбæл дзоруй, уони медес ирддæрæй равдесуни фæрæзнæ.

## Æ КАРНИ ХАБÆРТТÆ ИН ГЪÆУАМА ЗОНОНЦÆ ЕУГУР ФÆЛТÆРТÆ ДÆР...

Историй темæ айдагъ æ уацау «Батаноко Тембот»-и бундорбæл æвæрд нæ адтæй. Финсæг æмгъуди адтæй нæхе адæми историй хæццæ дæр. «Дигор-Хъæбани» равдесунмæ гъавта, Иристон æхсæрдæсæймаг æма æвддæсæймаг æности ку ниддехтæ ’й, феодалтæ кæрæдзей медæгæ ку раудæнцæ, кæрæдзей ку нæбал лæдæрдтæнцæ, еци æверхъæу догæ. Дин дæр ма ирон адæми дууæ хайебæл байурста. Динамонгутæ адæми еудзийнади цифуддæр æзнæгтæ иссæнцæ æма адæм дууæ Хуцауемæн ковун байдæдтонцæ.

Туйгъанти Батæрбег адтæй устур искурдиади хецау æма зингзæрдæ æхсæнадон архайæг. Æ минкъий исфæлдистади дæр берæ бæркад ес, æма æ ном иронх нæ кæнуй. Æхе ниставæн, æхе загъдау,

*Отвагу подлинных героев*
*И их страданья не забудь…*
*Запечатлеть в уме своем*
*Солдат простых бессмертных образ,*
*Чудесный вид простых людей,*
*Творящих нехотя легенду…*

Берæ хуарз гъудитæ загътонцæ Туйгъанти Батæрбеги туххæй сæ уацти Суменати Замирæ, Хæдарцати Азæ, Ардасенти Хадзибатæр, Джусойти Нафи æма профессор Леонид Семенов. Е ‘сфæлдистадæ, е ’хсæнадон-революцион архайд æма ин æ цард гъæуама зононцæ нæ адæми абони æма исонибони фæлтæр дæр.

***2006 анз***

***РЕДАКЦИЙÆЙ. Абони мухур кæнæн Туйгъанти Батæрбеги уадзимистæй еу радзурд (8-9-аг фæрстæбæл).***

**Номдзуд ахургæнæг æма ахургонд, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Кокайти Алихани фурт Саламгерийи райгурдбæл 15 июли æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1921-2001).**

***ФОСКОЛО Уго (1778-1827), итайлаг поэт: « Æрдзæ адæми цæхуæнттæ ‘нцæ, уæхæнттæй сæ исфæлдесгæй, уой хæццæ ба ма сæ фæххайгин кодта, цийфæнди фидбилизтæн дæр ке бафæразун кæндзæнæй, уæхæн агъазиау нифсдæттæн, бийнонтæ æма сæ райгурæн бæстæ балæвар кæнгæй...» Уæхæн дууæ лæвареман аккаг аргъ кæнунæй ихæсгин ан...***



# БИЙНОНТИ ФАРНÆЙ ФИДИБÆСТÆ ДÆР ТУХГИН КÆНУЙ...

Нæкæси, уотæ рауадæй, æма еци анз Уæрæсей нимад адтæй бийнонти Анзбæл – раст зæгъгæй, аци еугуруæрæсеуон бæрæгбон уомæ гæсгæ нисангонд æрцудæй, е бæлвурд нæй.

Аци бæрæгбон алли анз дæр бæрæггонд цæуй 8 июли. Киристон къæлиндармæ гæсгæ, уæд бæрæггонд цæуй цитгийнаг Муромскийти Петр æма Февронийи бон. Етæ нимад æнцæ бийнонти æма къайади киристон ауодгутæбæл, уруссаг културæи æнцæ æмкъайади уарзондзийнадæ æма еузæрдиуондзийнади фæлгонц.

Аци бæрæгбонæн æ рацæуæн кæд киристон динæй æй, уæддæр иннæ конфесситæ дæр исарази ‘нцæ, цæмæй исуа Еугуруæрæсеуон – уомæн алли дини дæр ес къайади ауодæнгæнгутæ, кæцитæ ‘нцæ бийнонти цардæвæрди æма æмкъайади фæнзуйнæгтæ, еузæрдиуондзийнадæ æма æмзæрдиуагон уарзти дæнцæнтæ. Нæкæси, 8 июль æй тæккæ хуæрзæнтæстгин бонбæл нимад къайадæ исаразунæн, кæци, дан, гъæуама рауайа дæргъвæтийнæ æма амондгун.

## ÆНГОМÆЙ ЦИ ХÆДЗАРИ ЦÆРУНЦÆ, АМОНД ДÆР УОМИ ЕС...

Куд еугуруæрæсеуон, уотæ аци бæрæгбон нисангонд ку не ‘рцудайдæ, уæддæр æй, æвæдзи, ести хузи исфæткон кодтайуонцæ махмæ Иристони. Уомæн æма нæ адæми цардарæзти алкæддæр ахсгиагæй-ахсгиагдæр адтæнцæ бийнонти цардарæзти гъуддæгутæ. Бийнонти еудзийнадæ æма æнгомдзийнадæ федар кæнуни сæ амонд æма фарнæ агъазиаудæр кæнуни фæдбæл нæмæ нæ рагфидтæлтæй æрбахъæрттæнцæ дессаги рæсугъд æма тухгин æгъдæуттæ. Етæ абони дæр, кæд нæ нуриккон цардарæзти берæ цидæртæ исæндæрхузон æнцæ, уæддæр ахсгиаг æма æнæмæнгæ гъæугæ ‘нцæ. Гъулæггагæн, кæцидæртæбæл си бустæги исустурзæрдæ ан æма нин е ба, зæранæй уæлдай, хиццагæй неци хæссуй...

Сæ еугурей фæдбæл еу уаци радзоруни равгæ нæййес, уомæ гæсгæ ба си уæддæр цалдæрей фæдбæл зæгъдзинан нæ гъудитæ. Уой дæр – нæ фидтæлтиккон таурæхътæй испайда кæнгæй. Уомæн æма етæ дæр райгурдæнцæ сæхе цардиуаги фæлтæрддзийнадæй.

Мах алкæддæр сæрбæрзондæй ранимайæн, берæ æнзти амондгунæй ка фæццардæй, хуарз кæстæртæ ка исгъомбæл кодта æма абони сæ кæстæрти кæстæртæбæл ка цийнæ кæнуй, уони.

Етæ, ке зæгъун æй гъæуй, æнцæ нæ боц хестæртæ – сæ фæлтæрддзийнадæ æма курухондзийнадæбæл гъæуама ахур кæнонцæ æригон фæлтæр. Уони фæрци базонæн æма балæдæрæн ес, нæ адæми уодиконди сæйрагдæр, цардаразæг менеугутæ.

Етæ ба ‘нцæ – бийнонти цард нивæбæл аразун æма ‘й еудадзуг гъæуай кæнун, кæрæдзебæл æновуд ун, æуæнкæ æма еузæрдиуондзийнадæй алке ни æ бийнонти царди тæккæ хуæздæр уагæбæл хъиамæт кæнгæй, еумæйагæй æхсæнади размæцудæн дæр равгитæ æма фадуæттæ аразун, æма ма берæ æнæмæнгæ гъæугæ гъуддæгутæ исфæлдесунмæ разæнгард ун.

Бийнонтæ амондгун ку уонцæ, сæ сувæллæнттæ æнæнезæй æма цардбæллонæй ку ирæзонцæ, уæд сæ еугуремæн дæр сæ цард æнтæстгин уодзæнæй – е ба комкоммæ ахеддзæнæй республики фæрнугдæр æма хуæздæр исонибонбæл.

Махмæ гæсгæ, ауæхæн гъудибæл ни гъæуама алкедæр хуæст уа, уомæн æма æ фидиуæзæги исонибонбæл рæстзæрдæй ка тухсуй, æ адæми идарддæри карнæ сагъæссаг кæмæн æй, е гъæуама цийфæнди цæстæй ма кæса нæ цардарæзти тæккæ федардæр æма æуæнкæдæр бундори уавæрмæ, гъома, бийнонти кадæ æма æнæфæккеугæдзийнадæ нæмæ цæйбæрцæбæл цитгингонд цæунцæ, уомæ.

Мах адæммæ алли рæстæгути дæр фæлтæрæй-фæлтæрмæ æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг хузи æнхæстгонд цудæнцæ нæ рагфидтæлти фæдзæхститæ бийнонти цардиуаги, бæлвурддæрæй æ еудзийнади туххæй, уой фехалун устур æгадæдзийнадæбæл нимад цудæй. Уотæ амудта нæ адæмæй ка ци дин райста, е дæр. Зæгъæн, газет «Терские ведомости» 1895 анзи номертæй еуеми уой фæдбæл ниммухур кодта уац, кæцими загъд адтæй: «Киристон аргъауæн куд амонуй, уомæ гæсгæ сæ цард ка бабаста, еци киристæнттæ, зæгъæн ес, æма хецæн нæ кодтонцæ».

## ЦÆБÆЛ ИСМÆСТГУН ÆЙ КУРУХОН ХЕСТÆР...

Аци уацмæ гæсгæ нæ зундгонд финсæг Бицъоти Гриш, «Ставд-Дортæ», зæгъгæ, æ документалон уацауи æримиста мæнæ ауæхæн хабар: «Æрæги уæнгæ дæр ма еци фæткæ федар адтæй Иристони. Гъуди ма кæнун: 60-аг æнзти кæрони Дзæуæгигъæуæй бафтудтæн Ставд-Дортæмæ. Зилдтæн хеуæнттæбæл. Еууæхæни мæ хæстæгутæй еуети хæдзарæй тургъæмæ куд рацудтæн, уотæ гъæунгæй мæ гъостæбæл рауадæй нæлгоймаги гъæрæй дзубанди. Игъосунбæл имæ фæдтæн. Дзурдта, дæлæрдигæй дæр æй куд игъустайуонцæ, уæлæрдигæй дæр, уотæ гъæрæй. Уайтæккæ дæр балæдæрдтæн: зæронд лæг кедæр æфхуæруй, кæбæлдæр æнæвгъауæй калуй æ уайдзæфтæ. Æмбесæндтæ хаста. Уартæ, зæгъгæ, Уæллагири коми уæхæн æма уæхæн гъæуи æмзай-æмзæронд бацæнцæ уæхæн лæг æма уосæ. Зулундзурд дæр си некæд райгъустæй, уотемæй, дан, уосæ æ донихулуй нæ уорæдта. Уæд, загъта, цæрунмæ цудæнцæ, нур ба дууæ бони кæрæдземæн нæбал бухсунцæ. Цæветтонгæ, мæ фусунти синхæгти лæхъуæн хуæрзæрæги æ нæуæгкурд уосæй рахецæн æй æма æ уайдзæфи дзурдтæ уони ‘рдæмæ гæлста, уæззау дорти хузæн, зæронд лæг...»

Еци зæронд лæги æ мастæй балæдæрун æнгъизтæй – уæди рæстæгути ма хъæбæр æверхъау хабарбæл нимад уидæ бийнонти фехæлд, уæлдайдæр ба æригон бийнонтæ сæ цард æнхæст нæма райдайгæй кæрæдземæй ку фæлледзæги уиуонцæ, уæд.

Нур, гъулæггагæн, уæхæн хабæрттæ фæстаг цалдæр анзей дæргъи уоййасæбæл исахид æнцæ, æма сæбæл дес дæр некебал кæнуй. Уогæ Цæгат Иристони статистикон управлени куд игъосун кæнуй, уотемæй фарæ уавæр еуцæйбæрцæдæр фæххуæздæр æй: къайадæ ка исаразта, етæ фулдæр æнцæ, ка рахецæн æй, уонæй. Уогæ нæмæ нæуæг бийнонтæ минкъийдæр арæзт цæуй – фарæ сæ бæрцæ адтæй 2840 (фæлварæй 12,3% мнкъийдæр), ка рахецæн æй, еци бийнонти бæрцæ ба иссæй 1759 æмкъайййи (2019 анзи ба – 1811).

Æма уотемæй нæ адæми бæрцæ куд ирæза. Сагъæссаг æнцæ мæнæ ауæхæн нимæдзтæ: нæуæгигурдти бæрцæ нæмæ фарæ иссæй, фæлварæ цæйбæрцæ адтæй, уомæй 461 сувæллони минкъийдæр (æдеугурæй – 8206 сабийи), нæ республики цæргутæй ка рамардæй, уони бæрцæ ба иссæй 8441 адæймаги.

Ци зæгъæн ес, аци бæрæггæнæнти фæдбæл? Сагъæссаг, хъæбæр сагъæссаг уавæр – æндæр ма ци зæгъдзæнæ? Иннæ фарста ба е æй, æма идарддæр дæр уотæ ку уа, уæд нæ республики демографион уавæр, куд нæ фæндуй, æма куд гъæуама уа, уотæ кутемæй рæвдзæдæргонд æрцæуудзæнæй. Æви нæ еунæг мадзал – æндæр рауæнтæй нæмæ цæруни зæрдтæй ка цæуй, етæ?

Æма миграцион уавæри ес берæ сагъæссаг фæззиндтитæ.

Аци фарста уоййасæбæл ахсгиаг æма сагъæссаг æй, æма ибæл хецæнæй бундорондæрæй дзорун гъæуй. Æма уомæн дæр æнæмæнгæ иссердзинан равгæ. Нур ба нæ идарддæри дзубанди æй, зингæ ахедундзийнадæ кæмæн ес, еци хабæртти туххæй.

## БИЙНОНТÆ ТУХГИН ÆНЦÆ – ФИДИ ФÆРЦИ, СЕ 'НГОМДЗИЙНАДÆ – МАДИ ФÆРЦИ

Бийнонти цард цæмæй райдзаст æма фæрнæйдзаг уа, сæ исонибон ба никки хуæздæр цæмæй уа, уобæл зæрдрохсæй æма нифсгунæй архайуонцæ, е, фиццагифиццагидæр, аразгæ 'й æ сæргъи ка 'й, уонæй.

Номдзуд Расул Гамзатов ма уотæ дæр загъта: *«Фидиуæзæг, бийнонтæ – райдайæнти райдайæн. Аци къæсæрæй райдайуй царди над, æма куд рауайдзæнæй, е ба махæй, ниййергутæй аразгæ 'й...»* Уой фæдбæл нæмæ нæ рагфидтæлтæй дæр берæ зундгин зæгъдтитæ æрбахъæрттæй. Зæгъæн, мæнæ ауæхæн:

*«Бийнонтæ тухгин ку фæуунцæ, уæд е бийнонти сæрбæл баст æй, бийнонтæ æнгом ку фæуунцæ, уæд е æфсийнæй цæуй...»* Уотæ ку нæ уа, уæдта бийнонтæ æгудзæг кæнунцæ – хестæртæ æма кæстæртæ дæр си тухст уавæрти бахаунцæ æма уотемæй æрветунцæ сæ бæнттæ.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, цæмæй бийнонти цардиуагæ зæрдæмæдзæугæ уа, е цæйбæрцæбæл берæ аразгæ 'й фиди 'рдигæй. Нæ фидтæлтиккон хабæрттæй æй хуарз зонæн, нæлгоймаг цæйбæрцæбæл æновудæй архайдæ уой сæрбæлтау, сауæнгæ ма æ цард дæр иснивонд кæнидæ. Ка уи нæ фегъустайдæ Акими зар:

*Ой, нæ хæхбæстæ нæ, ой ку не 'фсады хорæй,*
*Ой, хорз Аким бадзуры:*
*– Ой, цон фæцæуон*
*Дæлæ быдырмæ хор ласынмæ, гъей, тох.*

Надбæл ибæл исцурæвæрæ 'нцæ абæргутæ, гъавтонцæ ин æ бæх æма галтæ, æ уæргъæ байсунмæ.

*Ой, Ходы къуылдымтæ, ой, дæлæмæ куы лæсынц,*
*Ой, хорз Аким бадзуры:*
*– Ауадзут мæ, мæнмæ мæ сабитæ æнхъæлмæ куы кæсынц, гъей!*

Нæ, нæ фæттæрегъæд кодтонцæ æдзæсгон абæргутæ мæгур лæгæн, нецæмæ æрдардтонцæ æ мæгур сувæллæнтти тухст уавæр. Æма сæ уæд Аким бундзагъд никкодта, æхуæдæг дæр фæммард æй:

*Ой, фæззыгон мигъбон мын мæ фæндаг æрцахста,*
*Ой, хорз Аким бадзуры:*
*– Мæн Гозымы-фырт фæстейæ æрбахста, гъей, тох!*

Бийнонтæбæл ауодун, уони хуарзи сæрбæлтау æгъдауæй дæр æма фæллойнæй дæр архайунбæл нæлгоймаг алкæддæр ихæсгин адтæй, æй æма гъæуама идарддæр дæр уотæ уа. Цийфæнди зин рæстæгутæ ку ралæууа, цийфæнди тухстдзийнæдтæ хъоргæнæг ку уонцæ, уæддæр.

Æрæги Уæрæсей дзиллæ, дуйней берæ паддзахæдтæ, рæстзæрдæ дзиллитæ исбæрæг бабæй кодтонцæ зæрдæбæлдарæн æма хъонци бон – астинсæй анзей размæ, 1941 анзи 22 июни нæ Райгурæн бæстæмæ тогмондагæй æрбалæбурдтонцæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ. Етæ ци тугъд ракъахтонцæ, е нæ бæсти еугур бийнонти зæрдитæ дæр фæрресун кодта, æностæмæ дæр си ка не 'рнидæн уодзæнæй, еци додойæй.

Тохунгъон нæлгоймæгтæ сæ фидиуæзæг ниууадзгæй цудæнцæ цифуддæр знаги ниддæрæн кæнунмæ. Уой нихмæ комкоммæ тохи бацæугæй æма син мæлæтæй тæссаг уогæй дæр, сæ зæрдæй ба нæ цох кодтонцæ сæ бийнонтæбæл сагъæстæ æма тухст.

Финсæг æма публицист, Хуадонти Иссæ фронтæй æ цардæмбал Меримæ ци финстæгутæ æрвиста, уонæй еуеми уотæ финста: «Берæ сагъæстæ, берæ бакæнуйнаг гъуддæгутæ мин ес, (ахур, тугъд...) фал ма уæддæр мæ сæри, уæдта мæ зæрди дæр устур бунат разиндзæнæй дæуæн, нæ бæдæлттæн дæр. Æхцай морæ уæмæ ке нæййес, е ба мæ бустæги маруй, фал уин уæ царди уавæр фæххуæздæр кæнунæн уотæ æвеппайди неци мадзал ерун.

Мæ зæрдтагон, Мери, уотæ бакæнæ æма мæ костюм, мæ хæдонæ æма мин мæ туфлитæ рауæйæ кæнæ. Мæн нецæмæн гъæунцæ, æнæмæнгæ сæ рауæйæ кæнæ æма бал уин фагæ уодзæнæнцæ, фæстæдæр ба архайдзинан зундгиндæр унбæл. Дæхе дæр æма сувæллæнтти дæр хуæрдæгъæуагæй ма уадзæ æгириддæр. Дзубанди æфсес цардбæл нæ цæуй, фал цæрунæн цæйбæрцæ гъæуй, уобæл...»

Ауæхæн дæнцитæ ма берæ æримисун æнгъезуй. Фал, гъулæггагæн, ес бустæги æндæрхузон дæнцитæ дæр, кæцитæй бæрæг æй, алли бийнонтæ хуæрзауодæг фидæй нæ фæххайгин унцæ... Уомæн æвдесæн – мæнæ аци таурæхъ.

Раздæр хуæнхбæсти адæм устур бийнонтæй цардæнцæ. Цæуæт берæ кодтонцæ. Адтæй уæхæн лæг æма уосæ, сæ байзæдтæгтæ дæс æма инсæйемæ кæмæн исхъæрттæнцæ. Авд æма уомæй фулдæр фурттæ кæмæн уидæ, еци бийнонти фæрнгун хæдзарæ худтонцæ. Авд хуасдзауи, авд гъæддзауи, авд тугъдони ци хæдзари адтæй, е адтæй хиццаг; алцæмæй дæр æнхæст: нифсæй, хъаурæй, есбойнадæй. Берæ бийнонтæн æнцондæр хъæртæн уидæ хуæнхаг зин царди куститæбæл, тухмиуи уагæбæл сæмæ неке æндиудта. Хумæтæги нæ байзадæй загъдæн, еунæг мæгур æй, алкедæр ибæл тухæ кæнуй, зæгъгæ. Уомæ гæсгæ еу хæдзари биццеутæ уоститæ корун ку райдайиуонцæ, уæд нæ тагъд кодтонцæ байуарунбæл, бийнонтæй рахецæн унбæл. Цардæнцæ еу хæдзари хецæн уæтти, сæ куст, сæ хуæрдæ ба адтæй еу. Киндзитæ цæуæт кодтонцæ, сæ гъомбæл кæнун ба фулдæр кастæй нана æма бабамæ. Еци гъуддагмæ сæхе хæдзари куститæй нæ евдалдæй.

Берæ бийнонти 'хсæн сувæллæнттæ дæр адтæнцæ алли куститæбæл хуæст, æмхузон сæ рæвдудтонцæ, æ бæдолæн си гъолон миутæ неке кодта. Уæлдайдæр ба сæ фидтæлтæ. Фидæ æ бæдоли æ номæй дæр нæ худта. Дзурдта имæ «биццеу», кенæ «кизгæ». Етæ нанайæн, бабайæн адтæнцæ «уорс уæрикկитæ», æма «дзикъитæ» æма «фуркъатæ», фиди уæхæн æнкъарæн равдесун æгъдау нæ уагъта. Æма биццеу кенæ кизгæ æ фиди базонидæ, ку байуариуонцæ, уæд.

Еуæхæни, дан, Курттати коми еу устур бийнонтæ иуарунбæл ниллæудтæнцæ. Гъуддаг æгъдаубæл, æнæзæрдихудтæй рахецæн æй. Фал сувæллæнттæй еу биццеу æ зæрдихалæн кудтæй иуаргути æхемæ æркæсун кодта æма 'й бафарстонцæ, ци кæнис, цæбæл кæуис, зæгъгæ. Биццеу син хæкъурццæй кæугæй уотæ зæгъуй:

– Лæгъуздæр махмæ 'рхаудтæй!..

Иуаргутæ нæ балæдæрдтæнцæ биццеуи дзуапп, фал бийнонти хæццæ ку радзубанди кодтонцæ, уæд рабæрæг æй, æнсувæртæй еу расуггæнагæ ке æй. Биццеуи зундирахастæй иуаргутæ бийнонти есбойнадæ нæ иурстонцæ, фал æнсувæрти, æма расуггæнагæ уонæмæ æрхаудтæй –е ба æ фидæ разиндтæй.

***(Уодзæнæй ма.)***



БУДТУТИ Виктор æма Эммæ (БУДАЙТИ Геуæргий кизгæ).

## ÆНГОМ БИЙНОНТÆ АМОНДÆЙ ХАЙГИН КÆНУНЦÆ!..

Бийнонти уарзондзийнади æма еузæрдиуондзийнади Еугуруæрæсеуон бони кадгин уавæри цитгингонд æрцудæнцæ нæ республики сахартæ æма гъæути цæрæг, фæнзуйнаг, берæ æнзти еумæ ка цæруй, хуарз кæстæртæ ка исгъомбæл кодта, æ кари бацæугæй, æ бæнттæ рæвдудæй ка 'рветуй, уæхæн дæс æма дууинсæй бийнонти.

Зæрдиаг арфитæ син ракодта Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло**. Æ радзубандий уотæ загъта:

– Бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд, нæ боц, нæ зундамонæг хестæртæ. Царди надбæл ку рацæуай, уæд æй балæдæрдзæнæ, цæйбæрцæбæл æхцæуæн æй, зини дæр æма дæ цийни дæр адæймаги фарсмæ еузæрдиуонæй ку 'рбалæуунцæ æ бийнонтæ, – ниййергутæ, хуæртæ æма æнсувæртæ, цардæмбал æма сувæллæнттæ. Куд фулдæр нæмæ уа æнгом, фæнзуйнаг бийнонтæ, уотæ федардæр уодзæнæй не 'хсæнадæ, не 'гъдæуттæ æма традицитæ, не 'взаг æма культурæ гъæуайгонд уодзæнæнцæ. Дуйнебæл æнæнездзийнадæй, сабурдзийнадæй устурдæр хæзна нæййес, уонæй Иристони алли бийнонтæ дæр æнхæст уæнтæ.

Еумæйаг бийнонтæй финддæс æма инсæй анземæй фулдæр ка фæццардæй, еци хестæртæн фембæлди рæстæг лæвæрд æрцудæй сæрмагонд зæрдæбæлдарæн майдантæ «Уарзондзийнади æма еузæрдиуондзийнади туххæй». Уæхæн хуæрзеуæгæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ чиколайæгтæ **Будтути Виктор** æма **Эммæ (Будайти Геуæргий кизгæ).** Еумæйаг бийнонтæй цæрунцæ дæс æма дууинсæй анземæй фулдæр. Æма куд зæгъунцæ, уотемæй боз æнцæ сæ цардиуагæй, исæнтæстæй син æртæ сувæллони – дууæ фурти æма еу кизгæ. Нур уонæн дæр ес сæхе бийнонтæ, сæхе цæуæт – фараст сувæллони.

– Цард цард æй æма си алцидæр рауайуй, фал бийнонтæ æнгом ку уонцæ, кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй ку аразонцæ сæ цардиуагæ, уæд син тæссаг нецæмæй æй, сæ зæрди фæндон син алцидæр арфиагæй бантæсдзæнæй, – зæгъуй Эммæ.

Æ еци гъуди раст æй, æма 'й сæхецæн сæри зундæн æригон бийнонтæ дæр ку есиуонцæ, уæд нæ Иристон амонд æма фарнæй зингæ-зингæ райдзастдæр уидæ.

## БАРÆВДУДТОНЦÆ СÆ АХСГИАГ ЛÆВÆРТТÆЙ!..

Бийнонти, уарзти æма еузæрдиуондзийнади Еугуруæрæсеуон бони фæдбæл дессаги арфиаг гъуддаг исаразтонцæ нæ республики берæсувæллонгин мадтæлти Еугонд æма Еугуруæрæсеуон адæмон фронти цæгатиристойнаг хайадæ.



Рагацау исбæрæг кодтонцæ Дзæуæгигъæуи æма республики районти цæрæг берæсувæллонгин бийнонтæй фæккæсунгъæуагæ ка 'й, уони. Æма сæ исбоц кодтонцæ ахсгиаг лæвæрттæй – сауæнгæ син сæ хæдзæрттæмæ баластонцæ – уазалгæнæнтæ, гази пецтæ æма, бийнонти цардиуаги æнæмæнгæ ка гъæуй, уæхæн æндæр техникон фæрæзнитæ.

Аци арфиаг гъуддæгутæ исаразгутæ куд загътонцæ, уотемæй фæккæсуйнаг берæсувæллонгин бийнонтæн уæхæн хузи агъазгонд цæуй алли анз дæр. Уомæй ба син алливæрсугæй агъаз кæнунцæ нæ республики фæллойни æма социалон райрæзти Министрадæ, уæдта фæсевæди гъуддæгути Комитет. Уæдта ма зæрдæ байвардтонцæ уомæй дæр, æма ауæхæн социалон акцитæ араздзæнæнцæ идарддæр дæр.

***Æма ма ’й никкидæр еу ма хатт зæгъæн: XIX æма XX æности ирон литератури, уæдта æнæгъæнæ хуæнхон адæмти литературити дæр Туйгъанти Батæрбеги радзурди («Ханиффæ» – ред.) хузæн арф психологон радзурдтæ нæййес.***

***ХУГАТИ Ирлан, филологон наукити кандидат.***




– Мæнæ ци талингæ æй! – бадес кодта Ханиффæ, хуæнхаг хæдзари къæсæрæй рахезгæй æма æрлæудтæй. – Нæ, фал æз лæууон. Ехх, æз ци кæфтитæ æркодтайнæ... Æнæ мæнæй дæр си киззгуттæ фагæ ес. Хангерий, корун ди æма мæ уадзæ.

– Райдæдтай бабæй? Неци дин си рауайдзæнæй, кой дæр æй мабал искæнæ, дæ хуарзæнхæй, – æ фæдбæл райдаст хæдзарæй дзоргæй рацудæй æригон лæхъуæн, æ уæле – сау цохъа. – Дæ къох мæмæ радтæ... Гъе, уотемæй цæудзинан, – æргом цийнæ кодта лæхъуæн, кизги цонгбæл фæххуæстæй æма 'й æ фæдбæл раскъæфта.

Ханиффæ никкъæл-къæл кодта, æ къох дæр нæбал фæууæгъдæ кодта, уотемæй еумæ рандæ 'нцæ.

– Мæ хæццæ цæмæй тæрсис? – бафарста 'й Хангерий, тургъæ ку рацудæнцæ æма, галеуæрдæмæ фæззелгæй, гъæугæрæнтти надбæл æлдар Бекмæрзи хæдзари 'рдæмæ цæугæй, уæд. Еци æхсæвæ æлдар æ нæуæгигурд фуртæн кувд кодта.

– Дæу хæццæ нецæмæй тæрсун, – дзуапп ин равардта Ханиффæ.

– Дæуæн уой загъдæуа! Нæ, дан, цæун. Цæмæннæ гъæуама рацæуай? Уæхæн игъæлдзæгдзийнадæ æлдари хæдзари тагъд рæстæг нæбал уодзæнæй!.. Берæ заманай иуазгутæ сæмæ æрцудæй. Нуртæккæ гъæзт æ тæккæ тæмæни æй. Цæйбæрцæ кизгуттæ сæмæ ес! Алли гъæутæй æрцудæнцæ. Дæуæй фæстæмæ еугурæйдæр уоми æнцæ... Хъæсболатæн уотæ зæгъун: цо æма дæ хуæри ардæмæ æрбахонæ. Æндæр, дан, ма мæ ци мæтæ ес. Цо, дан, æй, дæхуæдæг рахонæ. Æма æз дæр фæттагъд кодтон. Еу рауæн ма къæгъди дæр исмедæг дæн. Ку нæ бабæй си нихххауианæ. Галеуæрдæмæ цæуæн.

– Ци мæйдар æхсæвæ 'й, – æ дзубанди ин фескъудта Ханиффæ. – Сауæнгæ ма арв дæр нæ зиннуй.

– Гъо, гъо, – æ дзубанди райвазта Хангерий. – Æртæ анзей размæ Хъæсболати хæццæ ард ку бахуардтан æма æнсувæртæ ку загътан, уæддæр ма раст ауæхæн мæйдар æхсæвæ искодта. Хъæзахъæн сæ бæхти æргъау ратардтан... Рохсæй нæ ку раййафтайуонцæ, уæд нæ гъуддаг хуарз нæ рауадайдæ. Дуудæсемæй уæлдай нæ адтæнцæ. Æма мæйдари фæрци райервазтан. Гъæди къохи нæбæл ку æртумбул æнцæ, уæд ма ни еске фæййервæздзæнæй, уой æнгъæл нæбал адтан. Кæрæдземæн хуæрзбон загътан, Хъæсболати къохбæл æрхуæстæн æма ин уотæ: «Хуæрзбон уо!» Е дæр мин мæ къох нилхъивта æма уотæ бакодта: «Хуæрзбон, Хангерий, ме 'нсувæр!» Ме 'нсувæр, зæгъгæ, ку исдзурдта, уæд мæ унгæг зæрдæ куд нирристæй! Мæ уод ци бавзурста уомæн нециуавæр дзурдтæй ес радзорæн. Де 'нсувæри дин минкъийæй фæстæмæ уарзун. Æма нур е æхе гъæлæсæй загъта: ме 'нсувæр! Мæ бауæр æнæгъæнæй дæр нирристæй, æма ин уотæ бакодтон: Хъæсболат, æнсувæрæн дин бæззун, уæд мæ мæлæтбæл дæр арази дæн.

Æ дзиппæй исиста хъурани минкъий киунугæ. Хуæстан ибæл нæ къохтæй, æма, ку райервæзæн, уæд еу мадæй игурд æнсувæрти хузæн ке цæрдзинан, уой туххæй ард бахуардтан. Уотемæй ни, еске ку рамаронцæ, уæд ин иннæ гъæуама æ тог райса еци сахат, кенæ ба фæстæдæр. Ардбахуæрди фæсте нæ еугурдæр дуа исистан æма нæхе æрцæттæ кодтан хуæцунмæ. Карз тох нин байеудагъ æй, фал, Хуцауæн табу, не 'мбæлттæй дууемæй уæлдай нæ фæгъгъудæй.

Уæдæй нурмæ мæхе амондгунбæл нимайун: Хъæсболат мин æнсувæр, ду мин – хуæрæ, уæ мадæ мæн мадæ дæр æй. Мæ зæронд фидæ æрцардæй. Мæрдтæмæ цæунбæл дæр, дан, арази дæн – мæ фурт еунæгæй нæ байзайдзæнæй нæ фæсте.

– Мæнæн дæр хъæбæр æхцæуæн æй, – загъта Ханиффæ. – Дæу æма Хъæсболати хузæн хъаурæгин æнсувæртæ кæмæн ес, уомæй амондгундæр ма уодзæнæй.

– Гъе, гъе! Æгæр ма æппæлæ... Мæнæ дæу, нæ рæсугъд хуæри киндзи рарветдзинан, – загъта Хангерий, æма ин æ къох сабургай æрбайста,– æма дæмæ иуазæгуати, цит, бауайдзинан...

– Уой кой ма кæнæ! – дзорун æй нæбал бауагъта Ханиффæ.

Хангерий ниххудтæй æма æ цуд фæттагъддæр кодта, уæдта æвваст фæллæудтæй.

– Æнгъæлдæн æма радзæгъæл ан, – загъта лæхъуæн. – Æгириддæр нин бахъæртуни мадзал ку нæбал ес. Ами фæллæууæ, æз ба над райагорон.

Кизги къох исуагъта, еуварсæрдæмæ цалдæр къахдзæфи ракодта æма мæйдари æрбайсавдæй.

– Гъей, кæми дæн? – фæгъгъæр кодта кизгæ, лæхъуæни къахдзæфти гъæр нæуæгæй ку райгъуста, уæд.

– Æцæгæйдæр, надæй радзæгъæл ан æма будурмæ рахъæрдтан. Кæми дæ, Ханиффæ?

– Мæнæ дæн. Æма нин нур ци кæнгæ æй? – бакатай кодта кизгæ.

– Еуминкъий рахесæрдæмæ бауайæн, æгæр галеуæрдæмæ фæцан.

Рахесæрдæмæ се 'ргом исаразтонцæ, еуминкъий рауадæнцæ, минкъий рафæстеуат æнцæ æма бабæй нæуæгæй рахесæрдæмæ базилдæнцæ.

Уæд рахесæрдæмæ фæззилдæнцæ, уæд бабæй галеуæрдæмæ, уотемæй дзæвгарæ рæстæг будури фæррацо-бацо кодтонцæ.

Уæдмæ думгæ думун райдæдта. Думгæ карзæй-карздæр кодта. Мегътæ æрбатумбул æнцæ. Арв ферттивта æма еуминкъий рæстæг фæррохс кодта фæсуарунхуз уæззау мегъти, бунæй зæнхæбæл ба – кæдзос лигъз будур, Ханиффи цилле пъолци æма рæсугъд цæсгон, æма хуæрзконд, федæрттæаразт Хангерийи.

– Хуæнхтæ кæцирдигæй æнцæ, уой нæ рауидтай? – рафарста лæхъуæн.

– Нæ.

– Æз дæр сæ нæ рауидтон. Æма уæд, æвæдзи, кенæ нæ фæсте 'нцæ, кенæдта еуварсæрдигæй. Æма хуæздæр уодзæнæй, фæстæмæ ку раздæхæн, уæд.

Сæхуæдтæ куд æнгъæл адтæнцæ, уомæ гæсгæ, цума сæ фæд – фæд раздахтæнцæ, фал бабæй, еуминкъий фæстæдæр арв ку ферттивта, уæд хуарзау нæбал фæцæнцæ æма æрлæудтæнцæ – ацирдигæй дæр хуæнхтæ нæ адтæй. Арв нигъгъæр кодта, Ханиффæ фесхъиудтæй æма Хангериймæ æхе багæлста. Сæ цæсгæнттæ æма сæ усхъитæбæл фиццаг ставд æртæхтæ æрхаудтæнцæ.

– Нимæт дæр мæмæ ку нæййес, – загъта Хангерий. – Тагъддæр цæуæн, æма кæд ескумæ фæхъхъæртианæ. Уарунæй нæхе байаууон кæнун гъæуй.

Цалдæр минуттей бæрцæ ратъæбæртт кодтонцæ æма бабæй æрлæудтæнцæ.

– Агъазиау цæйдæрти рæгъти цума цæуæн, уотæ мæмæ кæсуй, – загъта Хангерий.

Лæхъуæн галеуæрдæмæ фæззилдæй æма æхе кизги разæй фæккодта.

– Æцæгæйдæр уотæ 'й! – исдзурдта лæхъуæн æма æрлæудтæй. – Мæнæ – дорæй амад фарс... Мæнæ ами ба – æ бацæуæн. Тагъддæр ардæмæ! – фесхуста Ханиффи, уæдта си æхуæдæг дæр фæммедæг æй.

Еци рæстæг уарун æ карзи бацудæй. Арв ферттивта æма Хангерий базудта, кумæ бацудæнцæ, еци хæдзарæ ци æй, уой.

– Æвæдзи, изолмæ рахъæрдтан, – загъта лæхъуæн.

– Кæми ан? – рафарста Ханиффæ, ци адтæй, уомæй хъæбæрдæр æмрезæги ризт кодта æма Хангерийбæл æхе нилхъивта.

– Зæронд уæлмæрдти, устур зæппадзи... Фал мацæмæй тæрсæ...

– Уау! Цæуæн ардигæй тагъддæр! – æ дзубанди ин фескъудта Ханиффæ. – Тæрсгæ кæнун... Мæн уæлмæрдти ун нæ фæндуй.

– Дæ сæри зунд фæццудæй. Арв æма зæнхæ кæрæдзей ку хуайунцæ, уæд кутемæй цæуæн. Игъосис, куд сæх-сæх кæнуй. Ами бангъæлмæ кæсæн. Мæнæ ами фæстаг фарси рæбун лигъзгонд дор ес. Уоми бал æрбадæн, – еци дзурдтæ дзоргæй Хангерий Ханиффи дормæ бахудта æма 'й æ фарсмæ исбадун кодта.

Кизгæ еци æмрезæги ризтæй æма æ зир – зиргæнгæ бауæр ниннихаста лæхъуæнбæл, æ дууæ армидзагеми æ цæсгон баримахста, æ сæр ин æ реубæл бауагъта.

– Тæрсгæ кæнун, тæрсгæ кæнун! – нæбал æнцадæй кизгæ. – Мæ уод исхауй, мæ уод исхауй, Хангерий!

– Нур цæмæй тæрсис, гъæла сæр? Айдагъ фæрстæй уæлдай си неци ес, – сабуртæ 'й кодта Хангерий, æ сæр ин рæвдауни сæрфт кæнгæй æй рахъури кодта. – Дæу хæццæ нецæмæй тæрсун, ку загътай. Мæнæ уæхемæ ку бацæуæн, уæд дæбæл ходæгæй мæлдзæнæн.

Арв ферттивта æма бабæй райгъустæй арви гъæр. Ханиффæ фестъæлфтæй, æрбатумбул æй, къубари асæ дæр нæбал адтæй. Хангерий бабæй æй никки хъæбæрдæр æрбахъури кодта. Аци хатт æ цъухæй еунæг дзурд дæр нæбал исхаудтæй.

Æндегæй ци цудæй, е дессаг адтæй. Думгæ карзæй-карздæр кодта, уотæ кастæй, цума арви гъæрæй зæнхæбæл цидæриддæр ес, етæ æрдзи хъаурæй нифæркктæ уодзæнæнцæ.

Мæлæтæй тасдзийнадæ ниссабур кодта Ханиффи, æма сувæллони хузæн æхе нилхъивта Хангерийбæл, е 'ригон рæсугъд бауæри имонау гъарæй сугъта. Хангерий æй æхуæдæг дæр нæма лæдæрдтæй, аллирдигæй ибæл ка ивулдæй, еци имонау гъарæй æ мондæгтæ ке уагъта, уой. Цилле пъолци ке æрбалваста, кизги еци гурæбæл æнæнгъæлти æ къох ку æрхаста, уæд фестъæлфтæй æма, цума ести æнахур цæмæдæр бавналдта, уотæ æ дууæ къохи æвваст хæрдмæ исиста.

– Ци 'рцудæй? – фæгъгъæр ласт Ханиффæ æма фуртæссæй лæхъуæни усхъитæмæ фæллæбурдта.

– Неци, неци, – дзуапп равардта Хангерий. – Неци æрцудæй... Айдагъдæр... Уой корæг ди дæн æма изолдæр рабадæ...

– Нæ, нæ! Мæ бон нæй... Ма мæ тæрсун кæнæ... Фуртæссæй рамæлдзæнæн, – кæунгъæлæсæй исдзурдта кизгæ.

Хангерий æруагъта æ къохтæ æма 'й æрбахъури кодта, фал бабæй сæ уайтæккæ фæстæмæ раскъæфта. Кизгæ æ гъæлæсидзаг ницъцъæхахст кодта æма бабæй æ резгæ бауæр лæхъуæнбæл ранихаста.

– Цæмæн мæ тæрсун кæнис! – кæунгъæлæсæй фæгъгъæр кодта кизгæ. – Фуртæссæй мæ уод исхаудзæнæй... Ма мæ тæрсун кæнæ...

Лæхъуæн æ сæр ниттилдта æма æ кеми æрцудæй, нæуæгæй бабæй æй æрбахъури кодта æма рæвдаугæ гъæлæсæй райдæдта:

– Ма тæрсæ, ма тæрсæ Ханиффæ! Ма тæрсæ, мæ уоди гага... – æ дзубанди кæронмæ цирендæр кодта æма ин къуæзгæй ниссæбар-субур кодта æ гъоси:

– Æгириддæр мацæмæй тæрсæ... Мæ рази ма тæрсæ... нæ кæсис, æз не-

**Номдзуд чилийаг поэт Пабло Нерудæйи райгурдбæл 12 июли исæнхæст æй æвддæс æма фондзинсæй анзи (1904-1973). Æ уадзимистæй кæцидæртæ тæлмацгонд æрцудæнцæ ирон æвзагмæ дæр.**

цæмæй тæрсун... Æз айдагъдæр мæхецæй тæрсун... мæхецæй... Гъо, мæхецæй тæрсун.

Кизгæ ин дзæбæх нæбал лæдæрдтæй æ сусу-бусу дзубанди, фал уобæл дæр резæнгæ ку бахуæстæй æма æ гæрц-гæрцгæнгæ къохтæ ку никъкъæдзтæ 'нцæ, уæд æхебæл хуæцун æ бон нæбал адтæй.

– А-а! Мадта ду дæр цæмæйдæр тæрсис, нæ? Нæ мæ расайдзæнæ... Не ’сæфт æрцудæй, нæ?

– Лæхъуæн ин дзуапп нæбал равардта, æ хъаурæгин къохтæй æй исиста, æ гъæбеси æй æрæвардта æма ин æ билтæ æма уадæлттæбæл æ содзагæ батæ никкалдта.

Райдайæни фæккуддæр æй Ханиффæ æма нецæмæ бал исарæхстæй, уæдта сонтæй æверхъау гъæр фæлласта. Æ къæхтæбæл æрлæудтæй æма ледзунмæ гъавта, фал ин Хангерийи къохтæ æ нарæгастæу райахæстонцæ æма бабæй æ гъæбеси исмедæг æй.

– Ма тæрсæ... ма тæрсæ... махемæ рацо, ма тæрсæ, – сабур гъæлæсæй дзурдта æма дзурдта лæхъуæн.

Кизгæ æ цæнгтæ лæхъуæни усхъитæмæ исбуцæу кодта.

– Исуадзæ мæ! – нигъгъæр кодта кизгæ. – Æз нæ тæрсун... нæбал тæрсун æз... æгириддæр нæбал тæрсун... исуадзæ мæ... Æз ардигæй цæугæ кæнун... Кенæ ба ду рандæ уо... Уадзæ мæ мæхе барæ...

Фал æй лæхъуæн нæ уæгъдæ кодта, æнæрлæугæй дзурдта æма дзурдта:

– Ма тæрсæ... ма тæрсæ...

Хъаурæгин лæхъуæн æма нифссаст кизги 'хсæн тох байеудагъ æй. Кизгæ имæ карз бæргæ фæллæудтæй, бæргæ ин лигъстæ кодта, фал ин лæхъуæн æ дзурдтæмæ нæбал игъуста. Æма мæнæ æвваст Ханиффæ Хангерийи хъæма фелваста:

– Еуварс! – фæгъгъæр кодта кизгæ. – Еуварс ралæууæ! Кенæдта дæ дæхе хъæмайæй марун!

Æррай хузæн ка иссæй, еци Хангерий кизги дзурдтæ нецæмæ бал дардта, æ уæзæ ибæл æнæгъæнæй дæр æруагъта æма ин æ цæсгонæн батæ кодта.

Ханиффæ бæрзонд исиста хъæма æма 'й барæхуста, æма циргъаг фиццаг куддæр фæббуцæу æй, уæдта цидæр фæлмæни еци æнцонæй ниннигъулдæй.

Хангерий цъухæй ма исервазтæй уодесуни гъæр, еуварс рахаудтæй, æ ревæд кæрдбадзи гъæр ма цалдæр хатти райгъустæй, уæдта ниссабур æй.

Ханиффæ исистадæй тухуолæфт кæнгæй. Æвеппайди æ реубæл рæуæг цидæр исæмбалдæй, æхуæдæг дæр нæбал лæдæрдтæй, æ хъæма еуварс куд фентъухта, уой. Фæккиудтæй, зæнхæмæ æрхаудтæй æма нецибал балæдæрдтæй.

***

Æлдар Бекмæрзи тургъи, хæдзари ауuон æрæмбурд æнцæ, изæри гъазтмæ цæмæдесæй ка кастæй, нур ба карз уарунбæл ка цийнæ кодта, еци æригон фæсевæд. Аци талинги, аци уарун рæстæги, уартæ будури ци зæронд ес, уоми устур зæппадзи къæсæрæй бахезун ка бауæндидæ, зæгъгæ, сæмæ дзубанди рауадæй. Еу бæгъæнбад лæхъуæн – æ ном хундтæй Къец загъта: «Æз цæун, айдагъдæр хæснæбæл».

Равардтонцæ имæ æвзалуй къæрт, цæмæй зæппадзи ке адтæй, уой туххæй си фæд ниууадза.

... Æма мæнæ Къец, æ цæсгон ниффæлорс æй, тухуолæфт ма кодта, уотемæй, гъæзт кæми адтæй еци уати исмедæг æй, нецибал балæдæрдтæй, уотемæй æрхаудтæй.

Бæстæ исхæлхъой æй. Еуетæ Къеци алфамбулай æрбамбурд æнцæ æма архайдтонцæ, цæмæй æ кеми æрцæуа уобæл. Иннетæ фелвастонцæ, лæхъуæни къохæй ци хъæма æрхаудтæй, уой æма имæ цæмæдесæй ракæсæ-бакæсæ кодтонцæ. Хъæма еу къохæй иннемæ лæвардтонцæ.


ДЗИУАТИ Батрази конд хузæ.

– Е Хангерийи хъæма æй! – райгъустæй Хъасболати гъæлæс. – Мæнæ ибæл – тоги фæдтæ! – исдзурдта е æма дуари 'рдæмæ фæцæй.

Нæлгоймæгтæй си кадæриддæр адтæй, етæ æ фæдбæл рауадæнцæ, уати райзадæнцæ тухстхузæй кизгуттæ.

Уарун банцадæй, фал ма уæддæр талингæ адтæй, зæнхæ ниллæхъери æй. Цалдæр рауæнемæй райгъустæй фæдесонти къæхти гъæр. Еуетæ лигъдæнцæ æлдари бæхдæнттæмæ – уоми саргъæвæрдæй лæудтæнцæ сæ бæхтæ, иннетæ ба фæммедæг æнцæ иуазæгуатмæ æма раскъафтонцæ сæ хуæцæнгæрзтæ. Хъасболат фæммедæг æй ка исхæлхъой æй, еци мийнасæгæнæг адæми астæумæ. Æма цалинмæ е ’хсаргард æма топп агурдта, цалинмæ ин бæхдонæй æ бæхи ластонцæ, уæдмæ Къеци æ кеми æрцæуун кодтонцæ.

– Лæхъуæн æхемæ æрцудæй? – рафарста Хъасболат, иуазæгуатæй ку рауадæй, уæд.

Къеци ин æ размæ æрбахудтонцæ. Тургъæ ниррохс æй, сæ бæхтæбæл раздæр ка рабадтæй, еци æригон лæхъуæнтæмæ ци цирæгътæ равардтонцæ, уонæй.

– Хъæма кæцæй æрбахастай? – рафарста Хъасболат биццеуи.

– Кадæр мæбæл æй зæронд зæппадзæй рахста, – дзуапп равардта Къец.

Хъасболат æнæ ести исдзоргæй æхе цæхгæрмæ фæззилдта биццеуи разæй, æ бæхбæл фæббадтæй æма фæтътъæбæртт ласта. Æ фæдбæл ниххæррæт кодтонцæ цирагъхæссæг бæхгинтæ.

Ханиффæ æ кеми ку 'рцудæй, уæд фæууидта зæппадз ке ниррохс æй, уой, æ алливарс ба дуйней адæм. Æ медбунати рабадтæй æма ракæсæ – бакæсæ кодта. Кæми æй æма ци бакодта уой, дзæбæх нæма æрлæдæрдтæй. Фал мæнæ фæкомкоммæ æй Хъасболатмæ, рафæсмардта е ’нсувæри æма еци усми æ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ, ци 'рцудæй, етæ. Æ цæсгон æ къохтæй фехгæдта æма нидздзиназта.

– Æндæмæ æй радаветæ, уæлдæфмæ! – исдзурдта кадæр.

Æ къæхтæбæл æй ислæуун кодтонцæ, сæ дæллагисти æй фæккодтонцæ, уотемæй æй рахудтонцæ.

Зæппадзæй ку рахизтæй, уæд Ханиффæ рагъæуай кодта, Хангерийи мард кæми лæудтайдæ уордæмæ, æма си раууидта айдагъдæр тоги фæдтæ.

Хангерий разиндтæй зæппадзи рази, хъанæй лæудтæй.

– Ци ’рцудæй ами? – рафарста Хъасболат æ хуæри.

Кизгæ æ цæсгон æ дууæ армитъæпænемæй рамбарзта æма бабæй никкудтæй.

– Мæ хуæрæ, зæгъæ, ами ци ’рцудæй? Ка ‘й рамардта? – бафарста бабæй Хъасболат. – Ме ’мбали тог райсун мæнмæ æнгъæлмæ кæсуй, е ди иронх ма уæд.

Ханиффæ еци дзурдтæ ку райгъуста, уæд æ кæунæй фæгъгъос æй æма е ’нсувæрмæ æдзинæг никкастæй.

– Хъасболат! – федар гъæлæсæй райдæдта дзорун кизгæ. – Æ тог дæуæн есгæ 'й. Æруагæс ми кæнуй, дæ ардбахуæрд ке исæнхæст кæндзæнæ æма де ’мбали тог ке райсдзæнæ. Æруагæс ми кæнуй, цæрæнбонти мæнгардæй фæццæрун дæ сæрмæ ке не ’рхæсдзæнæ.

– Дуккаг хатт Хуцауи рази соми кæнун, кенæ ин æ тог райсдзæнæн, кенæ ба мæрдтæмæ бацæудзæнæн. Зæгъæ мин, ка ‘й рамардта? – æ дзубанди ин фескъудта Хъасболат.

– Æз æй рамардтон, – загъта Ханиффæ. – Цæвæ мæ! Дæ дзурд исæнхæст кæнæ. Æхсгæ!

– Цæй фæдбæл æй рамардтай? – бафарста Хъасболат.

– Е мæхе гъуддаг æй... Æхсгæ...

– Зæгъæ, цæй туххæй?

Ханиффæ нигъгъос æй.

– Бафхуардта мæ... Гъæуама мæ фæхходуйнаг кодтайдæ...

Еци рæстæг райгъустæй Хангерийи нæтун.

– Ægac ма ‘й, æгас ма ‘й, – райгъустæй адæми 'хсæнæй.

– Æ уод есуй, – загъта, Хангериймæ ка ниггубур кодта æхе, е.

– Игъосис? Æ уод есуй, – исдзурдта бабæй Ханиффæ е ’нсувæрмæ. – Ду гъæуама мæн рамарай, гъæуама мæ рамарай... Фехсæ мæ!

Хъасболат æ галеу къох е ’хсаргардбæл æруагъта сæргубурæй æма сабур лæудтæй.

Иннæ адæм дæр æнæдзоргæй лæудтæнцæ.

Айдагъдæр гъостæбæл рауайидæ думги рæуæг сæбар-субур.

Æрæгиау Хъасболат æ сæрбæл исхуæстæй. Кизгæ дæр ниффæлуорс æй, уотемæй сабур лæудтæй.

– Ханиффæ! – лæмбунæгæй райдæдта дзорун Хъасболат. – Ард ке хæццæ бахуардтон, мæ еци æнсувæри мин ду нæ рамардтай. Æ нæрæмон тог дæумæ, мæ хуæрæмæ ку рафунхтæй, еци усмæй фæстæмæ ме ’мбалæй мæ къохтæ бахснадтон...

Хангерий æ къохтæ зæнхæмæ фæббуцæу кæнгæй, æхе раргъувта:

– Мæлун, – кæдзос гъæлæсæй загъта Хангерий. – Ханиффæ!.. Боз ди дæн. Арфæ дин кæнун, ке мæ рамардтай, уой туххæй. Ниххатир мин кæнæ, Ханиффæ! Ниххатир мин кæнæ ду дæр, Хъасболат!.. Уæхæн сирд разиндзæнæн... уой мæхуæдæг дæр нæ зудтон...

Ханиффæ æ дæллагистæбæл ин ка хуæстæй, уони райеуварс кодта æма æ размæ æ уæргутæбæл æрбадтæй.

– Уæ, мæгур Хангерий, – рæвдаугæ гъæлæсæй загъта кизгæ, æ дууæ къохемæй ин æ къох исиста æма ин æ цæститæмæ никкастæй. – Нур бабæй нæуæгæй ду ме ’нсувæр дæ. Зонун æй, дæхебæл фæххуæцун дæ бон нæ бацæй... Нæлгоймаг дæ... Нур ду нæбал дæ... Нæбал дæ, нæбал дæ... Ду дæ фиццагидæр Хангерий ... мæ хъæзар, мæ бæгъатæр æнсувæр.

– Арфæ дин кæнун, арфæ... сабур гъæлæсиуагæй ма исдзурдта Хангерий. – Ду рамардтай, мæ бауæри ка бацудæй, еци сирди. Берæгъ уни бæсти... мæ еу бони цард дæр нæ гъæуй...

Карз ниннæтгæй, уæлгоммæ рахаудтæй. Æ уод исесуни размæ ма еу æзмæлд фæккодта.

**Зундгонд уруссаг финсæг Павленко Петр Андрейи фурти райгурдбæл 11 июли исæнхæст æй дууæ æхсæзинсæй анзи (1899-1951). Устур Фидибæстон тугъди рæстæг берæ уацтæ ниффинста Цæгат Кавкази зæнхæбæл советон æфсæддонтæ знаги нихмæ куд хъазауатонæй тох кодтонцæ, уой туххæй.**

*Цæгат Иристони нæуæгæй исаразуйнаг æнцæ инвалидтæ-ампутантти таурæхъон футболон командæ «Иристон-Автодор». (евгъуд æноси 90-аг æнзти цалдæр хатти фæуууæлахез æй сауæнгæ дуйнеуон еристи дæр). Аци æхцæуæн хабар фегъосун кодта зундгонд команди гъазæг, Уæрæсей еугонд команди берæ æнзти дæргъи раздзæуæг ГÆМАУОНТИ Игорь.*

## ИРИСТОНИ СПОРТСМЕНТÆ – ЕУГУРЕМÆЙ УÆЛАХЕЗОНДÆР!..

**Сергей Меняйло** æма **Михаил Мамиашвили** сæ фембæлди рæстæг сæмæ ци зæрдиуагон дзубанди рауадæй, уоми æмхузонæй баханхæ кодтонцæ еу æхцæуæн гъуди: спорти аллихузон хузти Цæгат Иристони фæсевæдæй ка архайуй, етæ си æнтæстгинæй æвдесунцæ сæхе, бæрзондæй-бæрзонддæр кæнунцæ Уæрæсей спортивон кадæ æма намус. Еци гъуддаги уæлдай агъазиау æнцæ не ‘мзæнхон гъæбесæй-хуæцгути æскъуæлхтдзийнæдтæ. Михаил Мамиашвили куд фегъосун кодта, уотемæй Цæгат Иристон æй, уæгъдебарæ хуæцунæй Уæрæсей Олимпаг еугонд команди тæккæ фулдæр ке минæвæрттæ фæуунцæ, еци регион. Мæнæ нур дæр Токиой рæхги ци Олимпаг гъæзтитæ райдайдзæнæнцæ, уордæмæ цæуæг Уæрæсей национ командæмæ хаст æрцудæнцæ æртæ иристойнаг богали: Сидахъати Заурбег (74 килограммей уæнгæ уæзи), Найфонти Артур (86 килограммей уæнгæ уæзи) æма Кодзирти Сергей (125 килограммей уæнгæ уæзи). Уой фæдбæл дзоргæй ма уотæ дæр баханхæ кодта, æма Цæгат Иристон алкæддæр игъустгонд адтæй æма ‘й æ спортивон фæткитæй, уой хæццæ ба – уæгъдебарæ гъæбесæй хуæцунæй.

Аци фембæлди рæстæг ма дзубанди цудæй профессионалон спортсментæ цæттæ кæнунæн æма спорт парахат кæнунæн Цæгат Иристони гъæугæ мадзæлттæ аразунæн еугур равгитæй дæр æнхæстæй испайда кæнуни фæдбæл. Сергей Меняйло куд загъта, уотемæй спортивон объектти инфраструктурæ æма материалон-техникон уавæртæ нерæнгæ ма хъæбæр фæккæсуйнаг æнцæ кетаргонддзийнадæ æма сæ идарддæри райрæзти.

Нæ республики спортсменти æнтæстдзийнæдти туххæй дзоргæй, аци анз Олимпаг анз ке æй, уомæ гæсгæ амунд æрцудæй, Цæгат Иристон ке исгъомбæл кодта цуппæрдæс олимпаг чемпиони, уонæй дæс æнцæ уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти богалтæ. Олимпаг гъæзтити фиццаг уæлахездзау иссæй Андиати Сослан, æма ин æ намуси аккагæй сæхе æвдесунцæ нæ абониккон цæгатиристойнаг богæлттæ. Уой туххæй ма, æвæдзи, фæстæдæр, сæрмагондæй дзордзинан, абони ба нæ фæндуй Олимпаг гъæзтитæ куд фæззиндтæнцæ æма æнæгъæн дуйней дæр тæккæ нимаддæр куд иссæнцæ, уой туххæй уин цубурæй рахабар кæнун. Ци радзоруйнаг ан, уой, æвæдзи, кадæртæ зондзæнæнцæ, фал сæ ка нæ зонуй, уонæн ба, махмæ гæсгæ, цæмæдессаг уодзæнæнцæ.


БЕСТАУТИ Алимбег


ХЪУЛАТИ Барис


ДЗАРАСТИ Саукуй


АНДИАТИ Сослан

# КУТЕМÆЙ РАЙДÆДТОНЦÆ ОЛИМПИАДИТÆ

СОРБОННИ устур зали 1894 анзи 16 июни æрæмбурд æнцæ кадгин лæгтæ. Етæ Парижмæ æрбацудæнцæ берæ бæститæй, уони хæццæ Уæрæсей минæвæрттæ дæр, æма исфæндæ кодтонцæ рагон грекъæгти намусгин традицитæ нæуæгæй райдайун. Уæд баунаффæ кодтонцæ нуриккон фиццаг Олимпаг гъæзтитæ дууæ анзей фæсте Греций рарветун, уомæн æма уоми цалдæр мин анзей размæ хъаури, рæсугъддзийнади æма сабурдзийнади кадгин бæрæгбонмæ æрæмбурд æнцæ бæсти æма æ фæсденгизаг зæнхити хъаурæгиндæр атлеттæ.

Фал Олимпаг гъæзтитæ нæуæгæй райдайуни гъуди фæззиндтæй, Сорбонни ци æмбурд адтæй, уомæй берæ раздæр. Спорт ка уарзуй, уонæй уæд еу, уæд иннæ сауæнгæ евгъуд æноси фиццаг æмбеси фæндон хаста алли бæстити спортсменти фембæлдтитæ аразуни туххæй. Олимпаг гъæзтитæ аразуни гъудитæ уæлдай хъæбæрдæр истухгин æнцæ, цалдæр адæймаги 1887 анзи къахæнти æма белти хæццæ ку æрбацудæнцæ, уой фæсте. Етæ адтæнцæ ахургæндтæ, архайдтонцæ немуцаг археологион экспедиций. Етæ дзæвгарæ рæстæг зæрдиагæй къахтонцæ зæнхæ, цалинмæ мраморæй конд колоннити сæститæбæл, берæ рæстæг кæбæл рацудæй æма цъæх изгæхуз ка иссæй, уæхæн статуятæбæл исæмбалдæнцæ, уæдмæ. Статуятæ конд адтæнцæ бронзæй. Етæ адтæнцæ, тæккæ рагондæр дуйней хъæбæр зундгонд ке нæмттæ адтæнцæ, еци бæгъатæрти статуятæ. Къахгæй никкидæр ма иссирдтонцæ дорæй æма бронзæй конд дисктæ, грекъаг тугъдонти æрцити сæститæ, тохи уартитæ.

Археологтæ цитæ иссирдтонцæ, етæ ци адтæнцæ, уой бæлвурддæр базудтонцæ рагон историкти æма поэтти уадзимистæмæ гæсгæ.

XIX æноси цæрæг адæм фæстæдæр базудтонцæ, рагон эллинтæ куд цардæнцæ, уæлахезбæл куд тох кодтонцæ æма се ’стур бæрæгбони – Олимпаг гъæзтити куд игъæлдзæг адтæнцæ, уой. Адæм еци хабæрттæ цæйбæрцæбæл фулдæр зудтонцæ, алли бæстити ахургæндтæ Олимпий пурхæнти цæйбæрцæ уæлдæр гъуддæгутæ æргом кодтонцæ, уоййасæ адæми хъæбæрдæр фæндадтæй сабурдзийнади æма хæлардзийнади бæрæгбон, уой æгъдæуттæ æма традицитæ нæуæгæй райдайун.

Фал еци арфи нисан уæди рæстæги беретæ лæдæрдтæнцæ алли хузти. Еуæй-еу паддзахадон разамонгутæ бустæги зæрдиагæй дзурдтонцæ, Олимпаг гъæзтитæ нæуæгæй райдайун гъæуй, уони фæрци адæм сæ уæззау цард цæмæй иронх кæнонцæ, айдагъ уой туххæй, зæгъгæ. Иннетæ ба дзурдтонцæ, уæхæн устур спортивон еристæмæ, гъома, олимпиадæмæ цæттæ кæнун нæ бæститæн фæййагъаз кæндзæнæй хъаурæгин æма фæразон тугъдонтæ цæттæ кæнунæн, зæгъгæ. Фал амонди гъуддаг адтæй, е, æма олимпаг змæлди райдайæни уой сæргъи лæудтæнцæ, паддзахæдти разамонгути хузæн нæ, фал бустæги æндæр хузи ка гъуди кодта, уæхæн адæймæгутæ. Æма уонæй еу адтæй Пьер де Кубертэн. Уомæй гъæуама æнæмæнгæ арфиаг уонцæ идарддæри фæлтæртæ. Еци хуарз адæймаги туххæй бæлвурддæр радзорун æнгъезуй.

Кубертэн университет каст ку фæцæй, уæд æхецæн равзурста ахургæнæги куст. Е адтæй, Франций спортивон змæлди сæргъи ка æрлæудтæй, уонæй еу. Æ ном иссæй хъæбæр зундгонд. Пьер де Кубертэни равзурстонцæ Франций спортивон æхсæнæдти цæдеси Генералон секретарæй. Франций хецауадæ ин бафæдзахста, физикон гъомбæлади гъуддаг алли бæстити куд æвæрд адтæй, уой базонун. Кубертэн дуйней еугур паддзахæдтæмæ рарвиста пъисмотæ æма фарста, спортивон гъомбæладæ кæми куд æвæрд адтæй, уой туххæй, уæдта æхуæдæг дæр адтæй фæсарæнти. Кубертэн фагæ æрмæг ку æрæмбурд кодта, уæд æй исахур кодта лæмбунæг æма æрцудæй уæхæн хатдзæгмæ: атлетикæ (уæди дзамани уотæ хундтæнцæ спорти еугур хузтæ) анзæй – анзмæ æдзæллагдæрмæ цæуй. Æма ци бакæнун гъæуй, æдзæллагмæ цæмæй мабал цæуа, уой туххæй?

Кубертэн бафеппайдта, спортивон клубтæ ахид хæран цæстæй ке кастæнцæ кæрæдземæ. Гимнасттæ буцæу кодтонцæ бæлæгътæргути хæццæ, бæлæгътæргутæ – фехтовальщикти хæццæ, етæ ба теннисистти хæццæ. Алкедæр æхе спорт нимадта хуæздæрбæл.

Кубертэн æ дзамани иннæ зингæ архайгути хæццæ æрцудæй уæхæн хатдзæгмæ, æма спортсменти фиццагидæр байеу кæнун ке гъудæй алли бæстити дæр, уæдта уой фæсте етæ ке гъæуама байеу адтайуонцæ еу организаций.

– Рагон эллинтæ куд кодтонцæ, уотæ бакæнæн цæмæннæ ес? – гъуди кодта Кубертэн. – Рагон эллинтæ цуппар анземæ еу хатт æрæмбурд æнцæ Олимпаг гъæзтитæмæ. Адæмтæмæ исæвзурун кæнун гъæуй сæребарæдзийнадæмæ, ерис кæнунмæ æма иуæнгти хъаурæ хъаурæгиндæр æма хуæздæр кæнунмæ турнундзийнадæ! – дзурдта еци ниллæггомау æма къæсхур адæймаг.

Кубертэн зилдæй алли бæститæбæл, къаролтæн æма хецауеуæггæнгутæн дзурдта, цæмæй


ФАДЗАЙТИ Арсен


ХÆДАРЦАТИ Махарбек


ХАБЕЛАТИ Лери


БОГИТИ Вадим

**Финддæс æма æртинсæй анзей размæ (1946 анзи 14 июли) райгурдæй номдзуд уæрæсейаг спортсмен Владимир Белоусов. Уой фæуууæлахез 1968 анзии Гренобли Олимпаг гъæзтити иссæй тæккæ зингæдæр цаутæй еу.**

æрлæууонцæ æ фæндони фарс æма фæййагъаз кодтайуонцæ олимпаг змæлдæн. Æма, Кубертэни фæндонмæ гæсгæ 1894 анзи арæзт æрцудæй Дуйнеуон спортивон конгресс.

Зæгъун гъæуй, уæди дзамани ефстагæй фæстæмæ ке нæ адтæй, алли бæститæ спортсменти фембæлдтитæ ке бон адтайдæ, уæхæн дуйнеуон спортивон организацитæ. Алли бæстити фиццаг спортивон еугæндтæ – бæлæгътæруни Дуйнеуон Федераци æма къахдзонæгътæбæл уайуни дуйнеуон цæдес арæзт æрцудæй айдагъдæр 1892 анзи. Фал уæддæр дуйнеуон спортивон организаци исаразуни гъуддаг размæ цæун байдæдта. Олимпаг змæлд еугур бæстити дæр цæмæй разиндтайдæ, уой туххæй конгресси баунаффæ кодтонцæ Дуйнеуон олимпаг комитет исаразун. Еци комитети сæргъи æрлæудтæй Пьер де Кубертэн. «Бæрзонд æй уæлахези кадæ, фал никки бæрзонддæр ба ‘й тох кæнуни кадæ». Кубертэни аци дзурдтæ иссæнцæ олимпаг девиз.

Олимпаг гъæзтитæ иснæуæг кæнуни тухххæй ку баунаффæ кодтонцæ, уæд иннæ ахсгиаг фарста ба е адтæй, æма фиццаг хатт кæци бæсти гъæуама рацæуонцæ. Махмæ гæсгæ, лæдæрд æй, еци кадгин барæ Грецийæн ке равардтонцæ, е. Фал фæззиндтæй устур зиндзийнæдтæ: Грецийæн æ финансон æма æндæр равгитæ уоййасæбæл кадавар адтæнцæ, æма паддзахадæ еунæгæй нæ исхъаурæ кодтайдæ Олимпиадæ рарветунæн.

Уомæ гæсгæ ба Кубертэн æвæстеуатæй рандæ ‘й Афинтæмæ, адтæй къаролмæ æма фембалдæй бæсти къароли хæццæ. Уой уæлæмхасæн ба ма Кубертэн е ‘мцæдесон кодта уæди дзурддзæугæ æма фæййагъаз кæнун ке бон адтайдæ, уæхæн адæймæгути, бауувæндун сæ кодта, ци гъуддаг исаразуйнаг æнцæ, е цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, уобæл. Еузагъдæй, хъæбæр æновудæй байархайдта, цæмæй Олимпаг гъæзтитæ æнтæстгинæй рацæуонцæ, ци æхцатæ багъудайдæ, уони æрæмбурд кæнунбæл. Хецæн адæймæгутæ ци æхцатæ равардтонцæ, уони фæрци фестурдæр æма фæхъхуæздæр кодтонцæ мраморæй арæзт стадион Афини.

Æма 1896 анзи апърели райдайæни кадгин уавæри, федауцæй-федауцæдæр бæрæгбони хузæнæй райдæдтонцæ нæуæг доги Фиццаг Олимпаг гъæзтитæ. Раст зæгъун гъæуй, еристи программæ устур нæ адтæй – рæуæг атлетикæ, теннисисттæ, накæгæнгутæ, гимнасттæ, классикон гъæбесæйхуæцгутæ, штангисттæ, велосипедисттæ, топпæйæхсгутæ æма бæлæгътæргутæ. Еристæн æма тæрхон кæнунæн еу æгъдæуттæ нæ адтæй, спортивон æнтæстдзийнæдтæ устуртæ нæ адтæнцæ – нуртæккæ спортивон разряд кæмæ ес, сауæнгæ еци скъоладзаутæн дæр сæ бон æй уонæй устурдæр спортивон æнтæстдзийнæдтæ равдесун. Фал уæддæр Олимпиадæ иссæй дуйнеуон спорти хъæбæр устур æнтæстдзийнадæ. Олимпиадитæ райдæдтонцæ. Уæд фиццаг Олимпиади фæрци фæззиндтæнцæ дуйнеуон рекордти фиццаг таблицитæ дæр, фиццаг чемпионтæ æма рекордсментæ дæр.

Уотæ фæззиндтæнцæ фиццаг сæрдигон Олимпаг гъæзтитæ.

– Æма мах цæмæй лæгъуздæр ан? – загътонцæ спорти зуймон хузти минæвæрттæ.– Махæн дæр нæ бон ку æй нæхе Олимпиадитæ рарветун зумæги.

Аци гъуддаг, куд хуæздæр адтайдæ олимпаг æзмæлдæн еумæйагæй, еци хузи райаразунмæ бавналдта Пьер де Кубертэн.

Æма францусаг Альпити минкъий курортон сахар Шамониий 1924 анзи январи райдæдтонцæ фиццаг зуймон Олимпаг гъæзтитæ. Архайдтонцæ си æхсæрдæс бæстей спортсментæ.

***

Олимпаг гъæзтитæ нæуæгæй аразун ку байдæдтонцæ, уæд сæ нисанеуæг адтæй еу: дуйнеи еугур паддзахæдти спорти тухгиндæрти еристæ гъæуама цæуонцæ рæстадæ æма æмбарæдзийнади бундорбæл, æма уотемæй адæмти ‘хсæн кæрæдзей лæдæрундзийнадæ парахатдæр кæнун. Архайдтонцæ, цæмæй е адтайдæ æцæг бæрæгбон, цийнаг уа еугур адæмтæн дæр. Берæ рæстæгути уогæ дæр уотæ адтæй.

Фал фæстаг рæстæгути Олимпиадитæ аразуни гъуддæгутæ æдзæсгон «аразгути» къохти бафтудæнцæ æма син сæ раздæри нисанеуæг алли гиризæг миутæй исусхъуммитæ кодтонцæ. Цитæ си аразунцæ, е рæстзæрдæ дзиллæй неке зæрдæмæ цæуй, фал уони гъуди ка нимайуй? Нуртæккæ паддзахеуæг кæнунцæ цъумурæйдзаг политикæ æма æхцатæ, æхцатæ, æхцатæ... Кæд æма кæми фæууидтайсæ уой, æма спортивон æгъдауæй дуйней тæккæ тухгиндæр паддзахади спортсменти Олимпиади архайуни рæстæг сæ Паддзахадон турусай хæццæ рацæуни барæ ма уæд, ка си фæууæлахез уа, уой кадæн ба æ Паддзахадон Гимн цагъд ма цæуæд?!.

Уогæ е лæмбунæгдæр дзубандий фарста ‘й, æма уой тухххæй фæстæдæр нæ зæгъуйнæгтæ зæгъдзинан. Абони ба нæ фæндуй цубурæй базонгæ кæнун, Олимпаг гъæзтити иристойнаг спортсментæй (фиццаг – Советон Цæдеси, уой фехæлди фæсте ба – Уæрæсей Федераций еугонд командити иуонгтæ уогæй) ка архайдта æма си ка фескъуæлхтæй, уони хæццæ.

## ИРИСТОНÆН Æ СПОРТИВОН КАДÆ БÆРЗОНД КÆНУНЦÆ

Нæ спортсментæй Олимпаг гъæзтити фиццагидæр ка архайдта, етæ адтæнцæ уæгъдебарæ гъæбесæйхуæцгутæ Хъулати Барис (Бадзи) æма Бестаути Алимбег. Австралий 1956 азии ци Олимпаг гъæзтитæ цудæй, уонæмæ Хъулай-фурт иссæй æвзестæ призер, Бестауи-фурт ба райста бронзæ майдан.

Аци дууæ богали нæ республики спортивон анзфинсти ахæссунцæ зингæ бунат. Иристойнаг спортсментæй фиццагидæр Бадзи райста Олимпаг гъæзтити уæлдæр хуæрзеугутæй еу – кæд е æвзестæ майдан адтæй, уæддæр æ кадæ ба сугъзæрийни æмбæрцæ адтæй, хумæтæги ин нæ равардтонцæ ССР Цæдеси спорти æскъуæлхт мастери ном, кæци уæд лæвæрд цудæй айдагъдæр чемпионтæн. Мадта Бестаути Алимбегæн дæр айдагъ Иристони нæ, фал Уæрæсей спортивон анзфинсти дæр æ ном байзадæй æностæмæ – не ‘мзæнхон уæгъдебарæ гъæбесæйхуæцгутæй е фиццаг иссæй дуйней чемпион. Уой хæццæ ба ма советон атлеттæй фиццагидæр уомæн, номдзуд тренер Дзгойти Аслæнбеги гъомбæлкæнуйнагæн, бантæстæй дуйней Кубок рамолун.

Абони Иристони спортивон анзфинст гъæздуг æй нæ олимпаг уæлахезонтæй. Фиццагидæр фескъуæлхтæй Андиати Сослан (гъулæггагæн, не ‘хсæн нæбал æй, рохсаг уæд...) Е иссæй олимпаг дууæ хатти чемпион (1976 анзи – Монреали Олимпаг гъæзтити, 1980 анзи ба – Мæскуй). Уой фæсте Олимпаг гъæзтити æртæ хатти чемпион иссæй Таймазти Артур (2004 анзи – Афинти, 2008 анзи – Пекини, 2012 анзи – Лондони, 2000 анзи ба Сиднейи райста æвзестæ майдан). Олимпаг гъæзтити дууæ хатти чемпионтæ иссæнцæ Фадзайти Арсен (1988 анзи Сеули, 1992 анзи ба – Барселони), Хæдарцати Махарбек (1988 анзи – Сеули, 1992 анзи – Барселони, 1996 анзи Атланти ба райста æвзестæ майдан). Олимпаг гъæзтити чемпионтæ ма алли æнзти иссæнцæ Хабелати Лери (1992 анзи Барселони), Богити Вадим (1996 анзи Атланти), Таймазти Тимур (1996 анзи Атланти, уой размæ, 1992 анзи Барселони ба райста æвзестæ майдан), Мусульбес Давид (2000 анзи Сиднейи, 2008 анзи Пекини ба райста бронзæ майдан), Тедети Эльбрус (2004 анзи – Афинти), Гуæцæлти Хаджиморат (2004 анзи – Афинти), Бæройти Хасан (2004 анзи – Афинти, 2008 анзи Пекини ба райста æвзестæ майдан), Хугати Алан (2012 анзи – Лондони), Рæмонти Сослан (2016 анзи – Рио-де-Жанейройи). Нæ олимпаг уæлахезон лæхъуæнти фæнзун райдæдтонцæ нæ кизгуттæ дæр. Уонæй фиццагидæр фескъуæлхтæй Санати Аидæ – е 2008 анзи Пекини рапирæй командон еристи архайгæй е ‘мбæлтти хæццæ райста сугъзæрийнæ майдан, 2012 анзи еристи ба рапирæй командон еристи архайгæй райста æвзестæ майдан.

Сæрдигон XXXII Олимпиадæ гъæуама рацудайдæ Токиой 2020 анзи, фал пандемий фудæй си неци рауадæй æма ‘й рахастонцæ аци анзмæ. Райдайдзæнæнцæ Токиой 23 июли æма фæууодзæнæнцæ 8 августи. Уони хуæдразмæ куд гъæуама нæ расагъæс кæнæн: «Нæ иристойнаг спортсментæй си ка архайдзæнæй, уонæй ке нæмттæ бафтуйдзæнæнцæ нæ номдзуд олимпæгти номхигъдбæл?..»

Æма еци фарстатæй рагацау дзуапп раттун нæ бон æй фиццагæн. Куд базудтан, уотемæй етæ ‘нцæ аст спортсмени: уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй – Сидахъати Заурбег, Найфонти Артур æма Кодзурти Сергей; дзюдойæй – Таймазти Мæдинæ æма Хубецти Алан; уæззау атлетикæй – Нанити Тимур; теннисæй – Хъарацати Аслан; бæхти спортæй – Митин Андрей.

Федарæй ни æруагæс кæнуй: нæ республики олимпæгтæ еци гъæзтити устур æскъуæлхтдзийнæдтæ æнæмæнгæ бавдесдзæнæнцæ!..

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта*
***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ.***


БÆРОЙТИ Хасан


ТЕДЕТИ Эльбрус


МУСУЛЬБЕС Давид


САНАТИ Аидæ


ТАЙМАЗТИ Тимур


ТАЙМАЗТИ Артур



ГУÆЦÆЛТИ Хаджиморат


РАМОНТИ Сослан


ХУГАТИ Алан

**Олимпиадитæй алкæцидæр естæмæй исцæмæдессаг уй. Цуппæрæймаг Олимпаг гъæзтити (1908 анзи Лондони) нæуæгдзийнадæ иссæй, силгоймæгтæ дæр си фиццаг хатт ке архайдтонцæ, е.**

*Саудегер Димон, мæлгæ кæнуй, зæгъгæ, уой ку балæдæрдтæй, уæд е ‘ригон уосæн фæдзæхсуй: «Ку рамæлон, уæд Ренемæ ма ‘рцо - берæ хæттити мæ бафхуардта æма имæ мæстгун дæн!..» Уосæ ин загъта: «Ма тухсæ, Ренейæн нецихузи исарази уодзæнæн, уомæн æма æндæрæн зæрдæ байвардтон...»*

***Бийнонти, уарзондзийнади æма еузæрдиуондзийнади Еугуруæрæсеуон бони фæдбæл нæ газети абониккон номери ци дзубанди цæуй, уомæн ма, махмæ гæсгæ, хуарз æфтауæн уодзæнæй мæнæ дæлдæр ци æрмæг бакæсдзинайтæ, е дæр. Кæддæр дæр ма ‘й мухур кодтан, фал æй, æвæдзи, беретæ нæ бакастæнцæ: ахид нæмæ редакцимæ æрбадзорунцæ нæ газеткæсгутæй кадæртæ æма нæ бафæрсунцæ, хеуæнттæ, кæрæдземæн хæстæг ка æййафуй, уонæй дигоронау ка куд хуннуй, зæгъгæ.***

***Дзубанди дæр ибæл нæййес, абони æмæнтъери рæстæги нæ уодварни хæзнатæ, куд фæззæгъунцæ, дони ке калæн æма уой фудæй нæ цардиуагæ æхе цидæр æнахуртæ ке æййевуй, уомæ гæсгæ фæлорс кæнунцæ адæми ‘хсæн хæстæгдзийнади ахсгиагдзийнадæ лæдæрун æма кæрæдзебæл рæстзæрдæй æновуддзийнадæ.***

***Еуæй-еуети мулкæй æндæр некебал æма нецибал фæгъгъæуй, адæймаги уодиконд алкæддæр цæмæй федудта æма федаудзæнæй, еци уодварни хæзнатæй сæ неци фæттавуй. Уæхæн уагæн хиццаг исонибон нæййес æма си нæ кæстæрти гъæуай кæнун гъæуй.***

***Уобæл гъуди кæнгæй, мухургонд цæуй аци цубур дзурдуат дæр. Уадзæ æма кæстæртæ зононцæ, сæ хæстæгутæй син ка ци бауй, уæдта дигоронау æма уруссагау куд хуннунцæ, уой.***

# ХЕУÆНТТÆ: КÆРÆДЗЕМÆН СИ КА КУД ХÆСТÆГ ÆЙ...

**Фидтæлтæ** – предки
**Æрвадтæлтæ** – однофамильцы
**Хæдзарвæндаг** – родословная
**Ниййергутæ** – родители
**Фидæ** – отец, папа
**Мадæ, ниййерæг** – мать, мама
**Устур фидæ** – дедушка; отец отца или отец матери
**Устур мадæ** – бабушка, мать отца или мать матери
**Фиди фидæ** – дедушка, дед; отец отца
**Фиди мадæ** – бабушка, бабуля, мать отца
**Мади фидæ** – дедушка, дед, отец матери
**Мади мадæ** – бабушка, бабуля; мать матери
**Лæг, мой, цардæмбал, æмкъай** – муж, супруг, мужчина по отношению к женщине, с которой он состоит в браке
**Уосæ, цардæмбал, æмкъай** – жена, супруга, замужняя женщина (по отношению к своему мужу)
**Фурт, биццеу** – сын, отрок
**Кизгæ** – дочь
**Æнсувæр** – брат; сын по отношению к другим детям одних родителей
**Хуæрæ** – сестра; дочь по отношению к другим детям одних родителей
**Фиди æнсувæр** – дядя, брат отца
**Мади æнсувæр** – дядя, брат матери
**Фиди хуæрæ** – тетя; сестра отца
**Мади хуæрæ** – тетя, сестра матери
**Хецау** – свекор, отец мужа
**Æфсийнæ** – свекровь, мать мужа
**Сиахс** – зять, муж дочери или сестры
**Киндзæ, ностæ, æмкъай** – невеста
**Кинддзон кизгæ** – девушка на выданье
**Киндзæ** – невестка, жена брата или жена сына, сноха, жена сына по отношению к его отцу
**Каййес, уоси фидæ** – тесть, отец жена
**Каййес, уоси мадæ** – теща, мать жена
**Къаййаг** – жених невесты
**Уоси æнсувæр** – шурин, брат жены
**Уоси хуæрæ** – свояченица, сестра жены
**Æмсиахс, уоси хуæри лæг** – свояк, муж свояченицы
**Лæги æнсувæр** – деверь, брат мужа
**Ходугъд, лæги хуæрæ** – золовка, сестра мужа
**Файностæ** – невестка; жена одного брата по отношению к жене другого брата
**Цæуæти цæуæт** – внуки, внучата; сыновья и дочери сына или дочери
**Фурти фурт** – внук, сын сына
**Фурти кизгæ** – внучка, дочь сына
**Кизги фурт** – внук, сын дочери
**Кизги кизгæ** – внучка, дочь дочери



**Хуæрифурт** – племянник или племянница, сын или дочь сестры или женщины одной фамилии
**Цардхуæрифурт** – племянник или племянница родословной
**Æнсувæри биццеу** – племянник, сын брата
**Хуæри биццеу** – племянник, сын сестры
**Æнсувæри кизгæ** – племянница, дочь брата
**Хуæри кизгæ** – племянница, дочь сестры
**Номæвæрæг** – кум, кума, крестный отец или крестная мать по отношению к действительным родителям
**Седзæр** – сирота, мальчик или девочка без матери и отца
**Мадæй седзæр** – сирота, мальчик или девочка без матери
**Фидæй седзæр** – сирота, мальчик или девочка без отца
**Бустæги седзæр** – круглая сирота, мальчик или девочка без матери и отца
**Седзæргæс** – вдова, мать сирот
**Седзæрти хецау** – вдовец, отец сирот
**Фиди уосæ** – мачеха, неродная мать детям, жена их отца
**Мади лæг** – отчим, неродной отец детям, муж их матери
**Лæги кизгæ** – падчерица, дочь мужа
**Лæги биццеу** – пасынок, сын мужа
**Уоси кизгæ** – падчерица, дочь жены
**Уоси фурт** – пасынок, сын жены

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆМБЕСÆН ÆЙ 415 СОМИ ÆМА 44 КЪАПЕККИ.**




**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1531.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 12.07.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**